**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA’M WORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**Magistratura bo’limi**

**Qol jazba huqi’qi’nda**

**Fayzullaeva Sayatxan Uzaqbaevna**

# G’a’rezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq poeziyasi’nda muhabbat lirikasi’

**Qa’nigelik: 5A120101 - "A’debiyattani’w" qa’nigeligi**

**A’debiyattani’w magistri da’rejesin ali’w ushi’n usi’ni’lg’an**

**D İ S S E R T A C İ Y A**

**Magistrlik dissertaciya qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’ ha’m folklor kafedrasi’nda ko’rip shi’g’i’ldi’ ha’m qorg’awg’a usi’ni’ldi’.**

**Kafedra basli’g’i’:____________**

**f.i.k. J.Nizamatdinov**

**«_____» ________ 2015 - ji’l**

**Ilimiy basshi’_________**

**f.i.k. Q.Turdi’baev**

**NO’KİS - 2015**

## G’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq poeziyasi’nda muhabbat lirikasi’
## (qaharman obrazi’, janrli’q-stillik wo’zgeshelikleri)

## MAZMUNI

**Kirisiw:**

**I.Bap G’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq poeziyasi’nda muhabbat lirikasi’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q wo’zgeshelikleri.**

I.1.Ha’zirgi poeziyada muhabbat lirikasi’n izertlewdin’ ilimiy teoriyali’q ma’seleleri.

I.2. Ha’zirgi da’wiri qaraqalpaq poeziyasi’nda muhabbat lirikasi’ni’n’ ideya-tematikali’q bag’darlari’

**II Bap G’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq poeziyasi’nda muhabbat lirikasi’ni’n’ janrli’q wo’zgeshelikleri**

II 1.Ha’zirgi poeziyada muhabbat lirikasi’ni’n’ janrli’q qa’siyetlerin izertlewdin’ ayi’ri’m ma’seleleri.

II .2. Ha’zirgi muhabbat lirikasi’ni’n’ janrli’q wo’zgeshelikleri

A) Qosi’q

B) To’rtlik

V)G’a’zzel

D)Muashshaq

E)Verlibr

İ) Sonet h.t.b

**III Ha’zirgi da’wiri qaraqalpaq poeziyasi’nda muhabbat lirikasi’nda qaharman obrazi’n jasawdi’n’ wo’zgesheligi.**

III .1.Muhabbat lirikasi’ndag’i’ qaharman obrazi’n izertlewdin’ ilimiy teoriyali’q ma’seleleri.

**III .2Ha’zirgi da’wiri qaraqalpaq poeziyasi’nda muhabbat lirikasi’nda qaharman obrazi’ni’n’ ra’n’be-ra’n’ligi.**

**IV Bap Juwmaq.**

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar.**

## Kirisiw.

G'a'rezsizlik ji'llari'nda Qaraqalpaqstan xalqi'ni'n' ja'miyetlik-siyasiy, ma'deniy ha'm socialli'q turmi'si'nda ru'whi'y qa'diriyatlar, ma'deniyat ha'm a'debiyat tarawlari'ni'n' jan'alani'w qubi'li'slari' a'hmiyetli wori'ndi' iyeleydi. G'a'rezsizlik tek g'ana yelimizdin' rawajlani'wi'na, jan'alani'wi'na wo'zgeshe bag'dar ali'wi'na sebep boli'p qalmastan, a'debiyati'mi'zdi'n', ma'deniyati'mi'zdi'n' rawajlani'wi'na jan'alani'p wo'siwine, buri'ng'i' tar qa'lipten shi'g'i'p, ken' tu'rde yerkin do'reliwine, u'yreniliwine tu'rtki boldi'. Sog'an baylani'sli' ilim bilimlendiriw tarawi' wo'z bag'i'ti'n wo'zgertip, bir qansha jan'alani'wlardi' basi'nan keshirdi.

Prezident İ.Karimov «Joqari' ma'nawiyat jen'ilmes ku'sh», – dep atalg'an miynetinde « A'debiyat, ko'rkem so'z wo'neri – a'zelden xali'q qa'lbinin' ko'rinisi, haqi'yqat ha'm a'dillik ji'rshi'si' boli'p kelgen. Soni'n' ishinde g'a'rezsizlik ji'llari'nda yelimizde ma'nawiyati'mi'zdi'n' wog'ada a'hmiyetli ha'm aji'ralmas bo'legi bolg'an a'debiyatti' rawajlandi'ri'w, shayi'r ha'm jazi'wshi'lari'mi'zdi'n' iygilikli miynetin qa'dirlew ha'm mu'na'sip xoshametlew boyi'nsha a'melge ai'ri'li'p ati'rg'an jumi'slar wo'zinin' na'tiyjesin berip ati'r, ko'rkem a'debiyati'mi'z temalar ko'lemi jag'i'nan da, jali'nli' ko'z qarasi'nan da ra'n'ba'ra'n' boli'p, a'debiyat maydani'nda jan'adan-jan'a atlar payda boli'p ati'rg'ani' kitap su'yiwshi xalqi'mi'zdi' a'lbette quwandi'radi',»[1] dep a'debiyati'mi'zdi'n' g'a'rezsizlik da'wirindegi worni' ha'm a'hmiyeti haqqi'nda ayri'qsha toqtag'an yedi.

---

[1] Каримов И.А. «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш». Ташкент, Маънавият, 2008. 137-бет.

Ja’ne de  prizident İ.A.Karimov wo’z shi’g’i’p so’ylewlerinin’ birinde; «Qaraqalpaq xalqi’ a’zelden bilimge qumarli’g’i’. ko’rkem so’zo’nerine bolg’an wo’shpes muhabbati’ wo’z jerinin’ wo’zgeler an’lap jetpegen takrarlanbas go’zzalli’g’i’n ha’m ra’n’ba-ra’n’ligin gewdelendiriwdegi qa’bileti menen ha’mmenei lal qaldi’ri’p kelmekte» dep joqari’ bahaladi’. (Karimov İ.A Asarlar …T,12,2004,-b-7)

Qaraqalpaq a’debyati’ tariyxi’nda wo’z bag’dari’na iye poeziya janri’ g’a’rezsizlik da’wirinde jan’asha rawajlandi’ desek qa’telespeymiz. Sebebi, g’a’rezsizlikke shekem bizin’ ko’rkem so’z ustalari’mi’z, soni’n’ ishinde shayi’rlari’mi’z belgili bir sheklengen temalar a’tirapi’nda qa’lem terbetip kelgenligi si’r yemes.

Ma’selen, poeziya janri’nda wo’z shi’g’armalari’n do’retken avtorlar, ko’binese,sol da’wirdin’ ja’miyetlik turmi’si’n, ya woktyabrawdari’spag’i’ aldi’ndag’i’ yaki, yekinshi jer ju’zlik uri’s temasi’,yaki uri’stan son’g’i’  ti’n’ jerlerdi wo’zlestiriw, awi’l xojali’g’i’na baylani’sli’ waqi’yalardi’ su’wretlewge umti’li’wshi’li’q basi’m boldi’.  Bunday birdeylik a’debiyatta jasalma obrazlardi’n’ payda boli’wi’na ali’p keldi. Sonday-aq, insanni’n’ ishki sezimlerin, ruwhi’y keshirmelerin su’wretlew, sa’wlelendirip beriw yekinshi da’rejege tu’sip qaldi’. Buni’n’ worni’na siyasiy bag’dardag’i’ shi’g’armalar, temalar ha’wij aldi’. Bul jag’day a’debiyatti’n’ turg’i’nli’g’i’na sebep boldi’.

## Temani'n' aktualli'g'i'

Liriikada muhabbat temasi'ni'n' arti'wi'nda bir qatar sebepler bar. Sebebi ja'miyette ju'z berip ati'rg'an jan'alani'wlar ha'm jog'ali'p ati'rg'an yeski du'zimnin' qaldi'qlari' da'wir ruwhi'na tez ha'm xali'qshi'l bolg'an muhabbat lirikasi'nda da'lillew mu'mkin. Bul jag'day muhabbat lirikasi'n a'debiy protsestin' ayri'qsha ko'rkem yestetikali'q ha'diysesi si'pati'nda ilimiy teoriyali'q ta'repten u'yreniw za'ru'rligi bul mashqalani'n' kerekliligin bildiredi.

G'a'rezsizlik da'wiri poeziyali'q shi'g'armalari'ni'n' ishinde muhabbat lirikasi' a'debiyatti'n' talabi'na ji'ldam juwap bere aldi'. Soni'n' ushi'n g'a'rezsizlik da'wirinde qaraqalpaq poeziyasi'nda muhabbat lirikasi'n yen' tez rawajlang'an janrlardi'n' biri si'pati'nda ali'p qarawi'mi'zg'a boladi'.

G'a'rezsizlik da'wiri qaraqalpaq muhabbat lirikasi' tematikali'q jaqtan wog'ada bay boli'wi' menen birge formali'q jaqtan da bayi'di'. Ko'rkem a'debiyatti'n' basli' talaplari'nan biri bolg'an insanni'n' su'yiwshilik sezimleri muhabbat lirikasi'nda ha'r qi'yli' usi'llarda sa'wlelendi. Soni'n' menen qatar bu'gingi lirikami'zda ko'rkemlik izlenislerdin' woni'n' tematikasi', lirikali'q qaharman obrazlari' ha'm janrli'q –stillik wo'zgeshelikleri tiykari'nda ko'riniwi u'lken a'hmiyetke iye. Sebebi, insanni'n' ashi'qli'q sezimlerin, ruwhi'y halati'n, i'shqi' ma'seledegi tu'siniklerdi joqari' da'rejede beriwde shayi'rlardan ko'rkemlik izlenislerdi talap yetedi. Sol tiykarda qaraqalpaq a'debiyati'nda g'a'rezsizlik da'wirinde poeziyada ko'rkemlik izlenisleri jan'asha bag'darlardag'i' bir qansha shayi'rlardi'n' ko'plegen lirikalari' do'reldi.

A’debiyattani’w ilimi arqali’ g’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq poeziyasi’nda muhabbat lirikasi’ ha’m wondag’i’ ko’rkemlik izleniwshilikti u’yreniw woni’n’ a’hmiyetin ken’ ja’miyetshilikke tu’sindiriw, sol arqali’ qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminin’ poeziyani’n’ rawajlani’w da’rejesin ani’qlaw ayri’qsha a’hmiyetke iye. Bul bizin’ temami’zdi’n’ aktualli’g’i’n belgileydi.

**Jumi’sti’n’ maqseti ha’m wazi’ypasi’.**

Bizin’ magistrlik dissertaciyali’q jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ maqseti g’arezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq poeziyasi’ndag’i’ ko’rkemlik izlenislerdin’ da’rejesin u’yreniw ha’m analiz islew. Usi’ maqsetten kelip shi’g’i’p jumi’si’mi’zda to’mendegi wazi’ypalardi’ wori’nlaw za’ru’rligi tuwi’ldi’.

–Ha’zirgi poeziyada muhabbat lirikasi’n izertlewdin’ ayi’ri’m ilimiy-teoriyali’q ma’selelerine analiz jasaw;

– G’a’rezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq poeziyasi’nda muhabbat lirikasi’ni’n’ ideya-tematikali’q bag’dari’na sholi’w

– G’a’rezsizlik da’wiri muhabbat lirikasi’ni’n’ janrli’q wo’zgesheliklerin ani’qlaw;

–G’a’rezsizlik da’wiri muhabbat lirikasi’ni’n’ janrli’q qa’siyetlerin izertlewdin’ ayi’ri’m ma’selelerin u’yreniw;

–Ha’zirgi qaraqalpaq muhabbat lirikasi’nda qaharman obrazi’n jasawdi’n’ wo’zgesheligin ashi’p beriw;

–Ha’zirgi qaraqalpaq poeziyasi’ muhabbat lirikasi’nda qaharman obrazi’ni’n’ ra’n’ba-ra’n’ligin u’yreniw.

## Jumi'sti'n' izertlew wobekti.

G'a'rezsizlik da'wiri poeziyasi'nda ko'rkemlik izlenisi joqari' da'rejedegi bir qansha do'retpeler bar yekenligi ko'pshilikke ma'lim. A'sirese, İ.Yusupov, X.Da'wletnazarov, J. İzbasqanov, M. Jumanazarova, P Mi'rzabaeva, B.Genjemuratov, S.İbragimov h.t.basqalardi'n' lirikalari'n do'retiwdegi izleniwshilikleri muhabbat lirikasi'ni'n' bunnan bi'lay da rawajlani'wi'na wo'z u'leslerin qosi'p kiyati'rg'anli'g'i' ayqi'n ko'zge taslanadi'. Bul izertlew jumi'si'mi'zda tiykari'nan İ.Yusupov, X.Da'wletnazarov, J..İzbasqanov, P.Mi'rzabaeva, B.Genjemuratov lirikalari'nan paydalani'p, wolardi' ken' tu'rde talqi'lawg'a ha'reket yettik. Bunda shayi'rlardi'n' wo'z toplamlari'nda jaryalag'an do'retpeleri «A'miwda'riya» jurnali' ha'm respublikali'q gazetalarda ja'riyalang'an qosi'q tekstlerinen material si'pati'nda paydalandi'q.

## Jumi'sti'n' ilimiy teoriyali'q ha'm a'meliy a'hmiyeti

Biz izertlew bari'si'nda prezident İ.Karimovti'n' a'debiyat ha'm ko'rkem wo'nerdi rawajlandi'ri'w haqqi'ndag'i' pikirlerin basshi'li'qqa aldi'q. Sog'an qosi'msha bizin' jumi'si'mi'zdi'n' teoriyali'q metodologiyali'q tiykari' retinde Axmetov S., Ja'rimbetov Q., Esenov J. «A'debiyattani'w atamalari'ni'n' wori'ssha-qaraqalpaqsha atamalar so'zligi» (1994), T. «Adabiëtshunoslikka kirish kursi bwyicha wquv-metodik qwllanma»(1979). Ma'mbetov K. «A'debiyat teoriyasi'» (1995), Ja'rimbetov Q. «A'debiyattani'wdan sabaqlar» (2012), Axmetov S., Baxadi'rova S. «Folklorli'q

terminlerdin' qi'sqasha so'zligi» (1992), Orazi'mbetov Q. «A'debiyattani'wg'a kirisiw pa'ninen lekciya tekstleri» (2008), Axmetov S., Sultanov Q. «A'debiyattani'w» (1987), Umurov H. «Adabiëtshunoslik nazariyasi» (2004), Timofeev L.İ. «Osnovi' teoriy literaturi'» (1971), Paxratdinov.Yu, Paxratdinov.D G'a'rezsizlik ji'llari'ndag'i' qaraqalpaq xali'q qosi'qlari' (2014), Ja'rimbetov Q. XIX a'sir qaraqalpaq lirikasi'ni'n' janrli'q qa'siyetleri ha'm rawajlani'w tari'yxi' (2004) Orazi'mbetov Q Ha'zirgi qaraqalpaq lirikasi'nda ko'rkem formalardi'n' yevolyuciyasi' ha'm tipologiyasi' (2004) Nurjanov P Da'wir talabi' ha'm ko'rkem a'debiyat,(1993) h.t.b miynetlerdegi teoriyali'q pikirlerden paydalani'ldi'. Bir qansha teoriyali'q miynetlerden metodologiyali'q tiykar si'pati'nda paydalani'ldi'. Sonday-aq jumi'si'mi'zdi' jazi'w bari'si'nda qaraqalpaq a'debiyatshi' ali'mlari' K.Ma'mbetov, Q.Ja'rimbetov, Q.Orazi'mbetov, P.Nurjanov h.t.basqa a'debiyatshi' ali'mlardi'n' miynetlerindegi ilimiy-teoriyali'q juwmaqlari' basshi'li'qqa ali'ndi'.

Tiykari'nan g'a'rezsizlik da'wiri qaraqalpaq a'debiyati'nda muhabbat lirikasi' boyi'nsha iri ko'lemli izertlew jumi'si' ali'p bari'lmadi'. G'a'rezsizlikten aldi'ng'i' da'wir yag'ni'y 60-70-ji'llardag'i' poeziyada tiykari'nan muhabbat lirikasi'n u'yrengen ilimpaz K.Ma'mbetov. Q Orazi'mbetov boli'p tabi'ladi'. Oni'n' gazeta betlerinde ja'riyalang'an ilimiy maqalalari' ha'm ilimiy miynetleri muhabbat lirikasi'n u'yreniwde tiykarg'i' ilimiy-teoriyali'q da'rek xi'zmetin wo'teydi. Degen menen g'a'rezsizlik da'wirinde do'retilgen muhabbat lirikasi'n tematikali'q, stillik wo'zgesheligin ani'qlawda bul jetkiliksiz.

Bul bag'darda bizin' jumi'si'mi'zdi' joqari'da keltirilgen qaraqalpaq a'debiyatshi' ali'mlardi'n' ilimiy teoriyali'q pikirlerine su'yengen halda g'a'reziszlik da'wirindegi muhabbat lirikasi'n arnawli' tu'rde izertlewdi maqul ko'rdik.

Bizin' bul izertlew jumi'si'mi'z keleshekte bakalavi'r studentlerinin' kurs jumi'si', diplom jumi'si' ha'm studentlerge metodikali'q qollanba boli'p qollanatug'i'ni' menen a'hmiyetli.

**Jumi'sti'n' quri'li'si'**

Magistrlik dessertaciya jumi'si'mi'z kirisiw ha'm juwmaqtan ti'sqari' u'sh baptan turadi'. Birinshi bap – «G'a'rezsizlik da'wiri qaraqalpaq poeziyasi'nda muhabbat lirikasi'ni'n' ideyali'q-tematikali'q wo'zgeshelikleri dep atali'p wol wo'z ishine 1.Ha'zirgi poeziyada muhabbat lirikasi'n izertlewdin' ilimiy teoriyali'q ma'seleleri.2.Ha'zirgi da'wiri qaraqalpaq poeziyasi'nda muhabbat lirikasi'ni'n' ideya-tematikali'q bag'darlari' degen bo'limlerden ibarat. Ekinshi bap G'a'rezsizlik da'wiri qaraqalpaq poeziyasi'nda muhabbat lirikasi'ni'n' janrli'q wo'zgeshelikleri

Ha'zirgi poeziyada muhabbat lirikasi'ni'n' janrli'q qa'siyetlerin izertlewdin' ayi'ri'm ma'seleleri. Ha'zirgi muhabbat lirikasi'ni'n' janrli'q wo'zgeshelikleri. A)Qosi'q, B)To'rtlik, V)G'a'zzel, D)Muashshaq, E)Verlibr İ)Sonet h.t.b–dep atalg'an bo'limlerdi wo'z ishine qamti'ydi'.

III Ha'zirgi da'wiri qaraqalpaq poeziyasi'nda muhabbat lirikasi'nda qaharman obrazi'n jasawdi'n' wo'zgesheligi.

1.Muhabbat lirikasi'ndag'i' qaharman obrazi'n izertlewdin' ilimiy teoriyali'q ma'seleleri.

2.Ha'zirgi da'wiri qaraqalpaq poeziyasi'nda muhabbat lirikasi'nda qaharman obrazi'ni'n' ra'n'be-ra'n'ligi degen bo'limlerden ibarat. Paydalani'lg'an a'debiyatlar jumi'sti'n' aqi'ri'nda ha'zirgi bibliografiya iliminin' qa'delerine muwapi'q jaylasti'ri'ldi'.

## I Bap. G’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq poeziyasi’nda muhabbat lirikasi’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q wo’zgeshelikleri.

### I.1. Ha’zirgi poeziyada muhabbat lirikasi’n izertlewdin’ ilimiy teoriyali’q ma’seleleri.

Ko’rkem ədebiyatti’n’ ko’p g’ana məseleleri, əsirese, lirika janri’ni’n’ rawajlani’wi’, ko’rkemlik qa’siyetleri məselesi barli’q ədebiyatshi’lardi’n’ di’qqat-itibari’n wo’zine tarti’p keldi. Soni’n’ ushi’n həzirgi ku’nge shekem qaraqalpaq ədebiyattani’w iliminde teoriyali’q məselelerge, arnalg’an birqansha ilimiy miynetler ju’zege keldi.

Lirikada muhabbat temasi’ni’n’ arti’wi’nda bir qatar sebepler bar. Sebebi ja’miyette ju’z berip ati’rg’an jan’alani’wlar ha’m jog’ali’p ati’rg’an yeski du’zimnin’ qaldi’qlari’ da’wir ruwxi’na tez ha’m xali’qshi’l bolg’an muhabbat lirikasi’nda da’lillew mu’mkin. Bul jag’day muhabbat lirikasi’n a’debiy protsestin’ ayi’ri’qsha ko’rkem yestetikali’q ha’diysesi si’pati’nda ilimiy teoriyali’q ta’repten u’yreniw za’ru’rligi bul mashqalani’n’ kerekliligin bildiredi.soni’n’ ushi’n muhabbat lirikasi’n teoriyali’q ta’repten u’yrengen ilimpazlardi’n’ miynetlerin dizimge kiritiwdi wolar haqqi’nda qi’sqasha miynetlerine sholi’w jasap wo’tiwdi maqul dep tapti’q.

Prof. K.Məmbetovti’n’ «Ədebiyat teoriyasi’» (No’kis,1995) atli’ monografiyasi’nda da ədebiyatti’n’ barli’q tarawlari’ menen birgelikte lirika həm woni’n’ ko’rkem formalari’ haqqi’nda teoriyali’q si’patlamalar beriledi, Miynette, muhabbat lirikasi’na ayi’ri’qsha toqtaydi’.

Filologiya ilimlerinin’ doktori’ Q.Orazi’mbetovti’n’ «Həzirgi dəwirdegi qaraqalpaq lirikasi’nda ko’rkemlik izleniwshilik» (No’kis, 1992) atli’ kandidatli’q dissertaciya jumi’si’nda həm «Həzirgi qaraqalpaq lirikasi’nda ko’rkem formalardi’n’ yevolyuciyasi’ həm tipologiyasi’» (No’kis, 2004) atli’ monografiyali’q jumi’si’nda həzirgi qaraqalpaq lirikasi’ jo’ninde so’z yete woti’ri’p, ko’rkem forma salasi’nda da rawajlani’wdi’n’ bar yekenin izertlegen. Soni’n’ ishinde qaraqalpaq ədebiyati’nda yerkin qosi’qlardi’n’ janrli’q wo’zinshelikleri, wolardi’n’ formali’q qəsiyetleri, wolardi’ payda yetetug’i’n tiykarg’i’ yelementler, qosi’qti’n’ du’zilisi si’yaqli’ məseleler ko’rkem tekstlik materiallarg’a tiykarlang’an halda izertlegen həm soni’n’ menen qatar intim lirika ma’selesine di’qqat awdaradi’, tiyisli juwmaqlar shi’g’ari’lg’an.

Filologiya ilimlerinin’ doktori’ Q.Jərimbetovti’n’ «XIX əsir qaraqalpaq lirikasi’ni’n’ janrli’q qəsiyetleri həm rawajlani’w tariyxi’» (No’kis,2004) degen monografiyali’q jumi’si’nda qaraqalpaq lirikasi’ni’n’ milliy ko’rkemlik sag’alari’, XIX əsirdegi qaraqalpaq lirikasi’ni’n’ janrli’q wo’zgeshelikleri ani’qlani’p klassifikaciyalanadi’. Sol da’wirdegi shayi’rlardi’n’ qosi’qlari’n, soni’n’ ishinde a’sirese A’jiniyaz lirikasi’ni’n’ muhabbat temasi’na arnalg’an ma’selesine u’lken di’qqat awdaradi’. 1970-2000-ji’llar qaraqalpaq poeziyasi’ni’n’ rawajlani’w wo’zinshelikleri haqqi’nda qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde birqansha izertlewler payda boldi’. Olardan: Z.Bekbergenovani’n’ «Ha’zirgi zaman qaraqalpaq poeziyasi’nda xali’q awi’zeki poetikasi’ni’n’ da’stu’rleri (70-80-ji’llar)» (No’kis, 1995) degen kandidatli’q dissertaciya jumi’si’nda 70-80-ji’llar qaraqalpaq poeziyasi’nda xali’q awi’zeki

poetikasi'ndag'i' da'stu'rlerdin', qosi'q formalari'ni'n' shayi'rlar T.Jumamuratov, İ.Yusupov, T.Ma'tmuratov ha'm t. b. poeziyasi'nda qollani'li'w wo'zinshelikleri haqqi'nda bahali' pikirler ayti'lg'an.

A.Hamidova «İ.Yusupovti'n' tvorchestvosi' ha'm Evropa a'debiyati' (A'debiy baylani'slar ha'm a'debiy ta'sirler ma'selesi)» (No'kis, 1999) degen kandidatli'q dissertaciya jumi'si'nda Evropa a'debiyati'ni'n' a'debiy ta'sirinin' qaraqalpaq a'debiyati'ndag'i' ko'rinisin belgili shayi'r İ.Yusupovti'n' lirikasi' mi'sali'nda jaqsi' analizlegen.

E.Eshniyazovani'n' «To'lepbergen Ma'tmuratovti'n' lirikasi' (İdeyali'q-tematikali'q, janrli'q ha'm ko'rkemlik wo'zinshelikleri)» (No'kis,2000) degen kandidatli'q dissertaciya jumi'si'nda da usi' da'wir qaraqalpaq poeziyasi'ni'n' rawajlani'w wo'zinshelikleri, ideya-tematikali'q bag'darlari', qaraqalpaq lirikasi'ni'n' janrlari' si'yaqli' ma'seleler tek g'ana belgili shayi'r T.Ma'tmuratovti'n' do'retiwshiligi mi'sali'nda ani'qlang'an. Sonday-aq, bul dissertaciyada T.Ma'tmuratovti'n' do'retiwshiliginde ken'nen qollani'lg'an yerkin qosi'qlardi'n' janrli'q, formali'q qa'siyetleri boyi'nsha da jaqsi' teoriyali'q pikirler ayti'lg'an

D.Paxratdinov wo'zinin' «İ.Yusupov lirikasi'nda Shi'g'i's klassikleri da'stu'rleri (A'debiy baylani'slar ha'm ta'sirler haqqi'nda)» (No'kis,2001) degen kandidatli'q dissertaciyasi'nda qaraqalpaq poeziyasi'nda Shi'g'i's klassiklerinin' do'retken obrazlari'ni'n', Shi'g'i's poeziyasi' da'stu'rlerindegi ideyali'q bag'dardi'n' ha'm Shi'g'i's klassiklerinin' janrlari'ni'n' ha'zirgi qaraqalpaq poeziyasi'nda sa'wleleniwin belgili shayi'r İ.Yusupovti'n' do'retiwshiligi mi'sali'nda izertlegen. Shayi'rdi'n' lirikasi' Shi'g'i's

klassikleri Nawayi', Fizuli', Maqti'mquli' ha'm t.b. shayi'rlardi'n' do'retiwshiligi menen sali'sti'ri'li'p u'yrenilgen.

Usi'nday ilimiy miynetler 1990-2000-ji'llar qaraqalpaq poeziyasi'ni'n' rawajlani'w jag'daylari'n, ha'r ta'replemeli jetiskenliklerge yeriskenligin ani'qlawda u'lken a'hmiyetke iye.

Qaraqalpaq poeziyasi'ndag'i' yerkin qosi'qlar haqqi'nda filologiya ilimlerinin' kandidati' P.Nurjanovti'n' «Verlibr haqqi'nda woylar» («Əmiwdərya», 1990, N 4), atli' maqalasi' da di'qqatqa i'layi'q. Avtor wo'z maqalasi'nda yerkin qosi'qqa teoriyali'q si'patlama beriw menen birge wo'zinen buri'ng'i' yerkin qosi'qti' izertlegen rus ilimpazlari'ni'n' qosi'qti'n' janrli'q həm formali'q jaqtan wo'zinshelikleri haqqi'nda aytqan pikirlerine de wo'zinin' ko'z qarasi'n bildiredi. Bul maqala qaraqalpaq ədebiyati'nda yerkin qosi'qlardi' u'yreniwde əhmiyetligi menen belgilenedi. E.Eshniyazovani'n' «T.Ma'tmuratovti'n' do'retiwshiliginde yerkin qosi'q formasi'» («A'miwda'rya», 1998, № 1-2), Q.Yusupovti'n' «Erkin qosi'q qaraqalpaq ədebiyati'nda jan'ali'q pa?». («Jas Leninshi», 1991, 12-noyabr), H.Ayi'mbetovti'n' «Appaq dumanlar ati'nda» («Jas Leninshi», 1990, 5-yanvar) si'yaqli' avtorlardi'n' maqalalari' qaraqalpaq ədebiyati'nda yerkin qosi'qlardi'n' wo'zine tən janrli'q qəsiyetleri, woni'n' basqa ko'rkem formalardan ayi'rmashi'li'qlari' haqqi'nda jazi'ldi'.

G'a'rezsizlik ji'llari'ndag'i' qaraqalpaq xali'q qosi'qlari' (1990-2000-ji'llar) Yu.Paxratdinov ha'm D.Paxratdinov No'kis(2014) miynetinde folklor iliminde buri'n islenbegen jan'a bag'darda yag'ni'y g'a'rezsizlik ji'llari'ndag'i' qaraqalpaq folklori'ni'n' ideya-tematikali'q mazmuni', jan'a zaman folklori'ni'n' do'reliw ha'm

tarqali'w wo'zgesheligin sa'wlelendiriwge arnalg'an. Avtorlar wo'zinin' ko'p ji'llar dawami'nda toplag'an xali'q do'retiwshiligi u'lgilerin tallaw materiallari' retinde paydalang'an.Miynette xali'q qosi'qlari' janrli'q jaqtan jaqsi' izertlenilgen a'sirese, muhabbat lirikasi'na u'lken di'qqat awdari'lg'an. Miynettin' a'hmiyetliligi de sonda, ha'zirgi da'wirdegi xali'q qosi'qlari'na jaqsi' si'patlama berilgen.

G'a'rezsizlik da'wirindegi qaraqalpaq poeziyasi'. No'kis(2011) Q.Turdi'baevti'n' bul miynetinde g'a'rezsizlik da'wirindegi qaraqalpaq poeziyasi'ni'n' rawajlani'w bag'dari' ideya-tematikali'q , janrli'q-stillik ko'rkemlik wo'zgeshelikleri tuwrali' so'z boladi'. Miynette usi' da'wir poeziyasi'nda belgili wori'ng'a iye shayi'rlari'mi'zdi'n' do'retiwshiligine arnalg'an qi'sqasha a'debiy portretler berilgen.

Ha'zirgi qaraqalpaq poeziyasi' (bibliografiyali'q ko'rsetkish 1991-2010-ji'llar) Q.Turdi'baevti'n' bul miynetinde, g'a'rezsizlik da'wirinde jazi'lg'an poeziyali'q shi'g'armalar, sonday-aq qaraqalpaq poeziyasi' boyi'nsha ilimiy miynetler ha'm retsenziyalar beriledi. Bunda 1990-2010ji'llar qaraqalpaq poeziyasi'ni'n' rawajlani'wi'n ha'r ta'repleme jetiskenligin ashi'p beriwde u'lken a'hmiyetke iye miynetlerdin' dizimi berilgen ja'ne de bul miynet jazi'wshi'-shayi'rlardi'n' baspa so'zde, toplamlarda, jaryalag'an miynetlerin qi'yi'nshi'li'qsi'z tawi'p ali'wg'a imkaniyat jaratadi'.

Ha'zirgi poeziyada muhabbat lirikasi'n izertlewdin' ilimiy teoriyali'q ma'seleleri haqqi'nda so'z ju'ritkende, ilimiy-publististikali'q stilde jazi'lg'an miynetlerde bul ma'sele boyi'nsha ko'p ayti'ladi' sebebi, muhabbat ma'selesi ha'r da'wirde

go’nermeytug’i’n tema sol ushi’n wo’timishtegi do’retilgen ko’rkem shi’g’arma, bu’gingi da’wir a’debiyati’ni’n’ dawamshi’si’ si’pati’nda, keleshektegi a’wladlardi’n’ da’wirinde wol a’lbette, ilimiy bag’darda analizlenetug’i’nli’g’i’ so’zsiz.

## 2. Ha’zirgi da’wiri qaraqalpaq poeziyasi’nda muhabbat lirikasi’ni’n’ ideya-tematikali’q bag’darlari’

G’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ rawajlani’wi’nda jan’a basqi’sh boldi’. Elimiz g’a’rezsizlik alg’annan keyin qaraqalpaq a’debiyati’ da ko’p g’ana wo’zgerislerge ushi’radi’. Bul wo’zgerisler birinshi gezekte ideyali’q-tematikali’q bag’i’tta ju’z berdi. Buri’n socialistlik realizm dep atalg’an metodqa worani’p ali’p, sheklengen tematika a’tirapi’nda g’ana shi’g’armalar do’retken jazi’wshi’-shayi’rlari’mi’z yendi yerkinlikke iye boldi’. A’debiyatti’n’ u’stinen partiyali’q qadag’alaw ali’p taslang’annan keyin wo’mir shi’nli’g’i’n a’dewir da’l su’wretlew mu’mkinshiligi tuwi’ldi’. Ja’miyetlik du’zim wo’zgeriwine baylani’sli’ wonda jasap ati’rg’an adamlardi’n’ sana sezimi, woy-o’risi, du’nya ko’z qarasi’, ko’rkem-estetikali’q talg’ami’ da wo’zgerdi. Usi’nnan kelip shi’qqan halda jazi’wshi’-shayi’rlari’mi’zdan a’debiyatqa jan’asha qatnas jasaw, woqi’wshi’lardi’n’ ruxi’y halati’n, du’nyasi’n yesapqa ali’w talap yetildi. Na’tiyjede g’a’rezsizlik da’wirinin’ a’debiyati’ jan’a bag’i’ttag’i’ a’debiyat si’pati’nda do’rele basladi’. İ.Yusupov, J.İzbasqanov, S.İbragimov, P,Mi’rzabaeva, M.Jumanazarova, X.Da’wletnazarov, N.To’reshova, B.Genjemuratov, si’yaqli’ ko’plegen shayi’rdi’n’ usi’ da’wirde wo’zlerinin’ do’retpeleri menen qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ rawajlani’wi’na u’les qospaqta.

Duri’s, g’a’rezsizliktin’ da’slepki ji’llari’ a’debiyatta yekileniwler, buri’ng’i’ qa’lipten shi’g’i’p ketiwde qi’yi’nshi’li’qlar boldi’. A’sirese, bul qaharman obrazi’n jasawda, shi’g’armag’a ideya-tematika tan’lawda ko’birek wori’n aldi’. Shayi’r-jazi’wshi’lar jan’a

da'wirdin' qaharmani' qalay boli'w kerek, jan'a da'wirdin haqi'yqatli'g'i'n qalay ji'rlaw kerek degen sorawlarg'a juwap taba almay sarsi'ldi'. Biraq bul bag'darda da XX a'sir qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' jetekshi boli'p u'lgergen İ.Yusupov u'lgi ko'rsetti. İ.Yusupov da'wir haqi'yqatli'g'i'n buri'ng'i'dan da bati'l aytti'. Oni'n' shi'g'armalari'nda pikir yele de wo'tkirlesip, ti'n' pikir ayti'w ko'birek ko'rindi.

Ko'rkem a'debiyat ja'miyetlik sanani'n' formasi' si'pati'nda jamiyettegi wo'zgerislerdi tezlik penen sa'wlelendiriwi menen wo'zgeshelenedi. Bul a'debiyatta poeziya tarawi'nda birden ko'zge taslanadi'. Poeziyali'q shi'g'armalarda shayi'rlardi'n' miywesi bolg'an muhabbat lirikasi'nda sap muhabbatti', sadi'qli'li'qti', isenimlilikti, hu'jdanli'li'qti', qa'na'a't, adamgarshilikti, wopadarli'li'qti', h.t.b su'wretlew tiykarg'i' bag'dar boldi'. Bul da'wirde İ,Yusupovti'n' «Begligin'di buzba sen» (1995) «O'mir sag'an ashi'qpan» (1999), «Ha'rkimnin' wo'z zamani' bar» (2004,2012) X.Da'wletnazarovti'n' «Dos boli'w ha'mmenin' qoli'nan kelmes» (1994), «Xosh qal jasli'g'i'm» (1993), «Ashi'q bolmag'an kim bar»(1991), «A'lwidag' muhabbat, a'lwidag'» (1993), J.İzbasqanov «Muhabbat lirasi'» (1992), «Men ku'tken ku'n»(1993), «Jollar uzaq» (1995), «Aq quslar»(2014), B.Genjemuratov «Lirika» (1992), «Oq qadalg'an ay» (1997), «Ukkizdare bitiklari» (2006), «Saylandi' shi'g'armalar toplami'»(2012), P.Mi'rzabaevani'n' «A'miwda'rya» jurnali' betlerinde jaryalang'an bir qatar qosi'qlari' muhabbat temasi'na arnalg'an. Shi'ni'nda g'a'rezsizlik da'wirindedo'retilgen qosi'qlar jan'a da'wirdin' jemisi. XX a'sirdin' 90-ji'llari'nan keyingi poeziya shayi'rlardi'n' ishki du'nyasi'n

tolg’ani’sqa keltirgen sezimlerine qozg’aw salg’an da’wir yesaplanadi’. Bu’l da’wirde qa’lem terbetken shayi’rlar wo’z do’retiwshiligin g’a’rezsizlik da’wirinde qaraqalpaq a’debiyati’n ideya tematikali’q jaqtan bayi’ti’wda muhabbat temasi’na arnalg’an do’retpeler ayi’ri’qsha wori’n iyeleydi. Bul da’wirde shayi’rlardi’n’ muhabbat temasi’ janrli’q jaqtan ha’r tu’rli muqamg’a do’nip jazi’la basladi’. Muhabbat ma’selesin so’z yetiwshi do’retpeler formali’q jaqtan ko’rkem ha’m mazmunli’ do’retile basladi’. Shayi’rlardi’n’ poeziyali’q shi’g’armalari’ni’n’ ideya-tematikali’q bag’dari’ ha’r qi’yli’. Olar tiykari’nan Watang’a muhabbat, Allag’a bolg’an muhabbat, ashi’qlardi’n’ obrazi’n beriwshi jigit-qi’zdi’n’ muhabbati’ h.t.b su’wretlew boli’p yesaplanadi’.

Bul da’wir a’debiyati’ndag’i’ shayi’rlardi’n’ muhabbat temasi’n ji’rlawshi’ poeziyasi’ haqqi’nda so’z yetkende bir na’rse ayi’ri’qsha di’qqatti’ tartadi’. Bul shayi’rlar do’retiwshiligindegi sap muhabbatti’ ji’rlaw. Bul haqqi’nda a’debiyatshi’ ilimpazlari’mi’z da ayi’ri’qsha atap wo’tedi. «Poeziyada muhabbatti’, wog’an sadi’qli’li’qti’ pa’k hu’jdandi’ uli’g’lawshi’ qosi’qlar kopshilikti quraydi’. Bunda J.İzbasqanov, X.Da’wletnazarov, B.Genjemuratov, O.Sa’tbaev, M.Jumanazarova, P.Mi’rzabaeva h.t.b. shayi’rlardi’n’ sa’tli jazi’lg’an shi’garmalari’n atap wo’tsek boladi’»[2]-depayi’ri’qsha atap wo’tedi. Haqi’yqati’nda bul da’wirde wo’zinin’ takrarlanbas muhabbat qosi’qlari’ menen shayi’rlari’mi’z ti’ni’msi’z do’retiwshilik yetti.

Asirese, g’a’rezsizlik da’wirinde qaraqalpaq a’debiyati’nda poeziya janri’ wo’zinin’ rawajlani’w joli’n basi’p wo’tpekte. Bul da’wirde buri’ng’i’ bag’darg’a usamaytug’i’n ideeli’q-tematikali’q,

---

[2] Турдыбаев Қ Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ поэзиясы. Нөкис , «Қарақалпақстан»,2011,21-б

janrli'q-stillik ha'm ko'rkemlik izlenislerdin' na'tiyjesi si'pati'nda qunli' shi'g'armalar jari'qqa shi'qti'. G'a'rezsizlik da'wirindegi poeziyada muhabbat lirikasi'n su'yip ji'rlag'an shayi'rlar qatari'nda İ.Yusupovti'n' worni' girewli. Bul temadag'i' do'retiwshiliginde shayi'rdi'n' sheberligi stillik ta'repten ayri'qsha di'qqatti' tartadi'. Ulli' filosoflardi'n' biri Erix From wo'zinin' «İnsan jani'» shi'g'armasi'nda insan kewlindegi muhabbat sezimine u'lken di'qqat qaratadi'. Muhabbatti' bir neshe toparlarg'a aji'ratadi': ata-anani'n' perzentke bolg'an muhabbati', yer ha'm hayaldi'n' bir birine bolg'an muhabbati', bendesinin' Allag'a bolg'an muhabbati' h.t.b.

G'a'rezsizlik ji'llari'ndag'i' muhabbatqa arnalg'an ko'p qosi'qlar joqari' mazmung'a teren' ideyag'a quri'lg'an, zamanni'n' wo'zine ta'n wo'zgesheliklerin qamti'ytug'i'n shi'g'armalardan ibarat[3]. Biz so'z yetip woti'rg'an İ.Yusupovti'n' poeziyasi'nda yer ha'm hayal arasi'ndag'i' bir birine bolg'an pa'k muhabbat sezimleri lirikali'q qaharman ta'repinen qalay jarati'lg'anli'g'i' jo'ninde so'z boladi'.

Muhabbat temasi'n su'yip ji'rlag'an lirik shayi'r İ.Yusupov u'lkemizdin' tek kitap woqi'wshi'lari'na yemes, al soni'n' menen birge ken' qatlam qosi'q shaydalari'na da jaqi'nnan tani's.

Haqi'yqati'nda da, İ.Yusupov lirikali'q qaharmandi' muhabbat joli'nda biyik shi'n'g'a ali'p shi'g'adi'. Oni'n' lirikali'q qaharmani' sa'wer yari'n ha'mmeden zi'yat ko'redi, ha'tte, suli'wli'qti' yari'nan basqa hesh kimnen de izlemeydi.

Ashi'qli'qti'n' wo'z joli' bar,
Su'ymegenge sa'lem joqdur,
Suli'wli'qta senin' menen,

[3]**Пахратдинов Ю, Пахратдинов Д, Ғәрезсизлик жылларындағы қарақалпақ халық қосықлары(1990-2000-жыллар) Нөкис «Билим» 2014-жыл 66- бет**

Ba’s baylasar sa’nem joqdur.

Biyrehim jarati’p seni,
Zari’ giryan yetip meni,
Suli’wli’q degen ba’leni,
Sag’an bergenin aytsan’a.

Bul qatarlarda muhabbati’n’ wo’z joli’nda ashi’qti’ (lirikali’q qaharmandi’) tilge kiritedi. Ha’r kimnin’ su’yiklisi wo’zine ayday ko’rinetug’i’ni’n, wog’an hesh kimdi sali’sti’ri’p bolmaytug’i’ni’n shayi’r qaharmani’ tilinen sheber su’wretley alg’an. Muhabbat aldi’nda barli’q insan bas iyedi. Bul sezim patshani’ da, gedeydi de tan’lap woti’rmaydi’. Birdey sezimlerdi bag’i’shlaydi’. Olardi’ ashi’qli’q woti’nda wo’rteydi. İ.Yusupovti’n’ muhabbat lirikasi’ ideya-tematmkali’q ta’repten jigit ha’m qi’zdi’n’ bir birine bolg’an pa’k muhabbati’n ashi’p beredi. Shayi’rdi’n’ muhabbat qosi’qlari’ sag’i’ni’sh azabi’n shekken ashi’qti’n’ halati’nda sa’wlelenedi. Muhabbatti’ shayi’r ku’ndelikli janli’ wo’mir menen, woni’n’ real mashqala ha’m talaplplari’ menen ti’g’i’z qaraydi’,oni’ wo’mirdi jan’arti’wshi’, bayi’ti’wshi’, ilgeri maqsetlerge bag’darlawshi’ a’diwli sezim si’pati’nda bahalaydi’ ha’m wo’zinin’ bul temani’n’ a’tirari’na ja’mlegen qosi’q ha’m poemalari’na wol jasa’wladti’ wo’z muhabbati’n qa’sterlep saqlawg’a qa’dirine jetip qorg’ay biliwge,ha’zirgi zamanni’n’ jani’ pa’k,wadege wopali’, ju’regi taza azamatlari’ boli’wg’a shaqi’radi’[4].

---

[4] Нарымбетов Ж Сахра гүли Нөкис «Қаракалпақстан» 2001, 17-б

J.İzbasqanov g’a’rezsizlik ji’llari’ndag’i’ poeziyami’zdi’n’ rawajdani’wi’na wo’zinin’ ko’rkem quni’ joqari’ ha’m ideyali’q salmag’i’ u’lken do’retpeleri menen i’layi’qli’ u’les qospaqta. (Q.Turdi’baev) Shayi’rdi’n’ «Aq quslar» (2014) toplami’na kirgen «Muhabbat bolg’anson’», «Dilbar», «Telefon» h.t.b.bir qatar qosi’qlari’ muhabbat temasi’na arnalg’an Shayi’rdi’n’ «Telefon» atamasi’ndag’i’ qosi’g’i’nda:

Qa’lbimnin’ to’rinde qadirdan sanlar,
Ko’pten tentireymen hijran yelinde,
Qansha sag’i’ni’shi’ma qari’lg’an sanlar,
Jani’m si’zlap turar ha’r tergenimde,

Shayi’r qosi’g’i’nda ju’reginde nag’i’stay mu’hirlengen sanlar menin’ mu’habbati’mni’n’ bir ni’shanasi’ degen taqilette keltiriledi. Muhabbatti’n’ quli’na aylang’an insan hijran azabi’na to’zim yetedi.

Ol qi’z mag’an ma’ngi turadi’ unap,
A’tten’ wo’tiwi bar, ushqi’r ji’llardi’n’,
Muhabbati’m ha’rgiz so’nbeydi bi’raq,
Mehrine qanbadi’m sol bir dilbardi’n’.

Al, iyesin bilsem qumsaydi’ tan’ ha’m,
Lekin tabi’sti’rar aqsham der yedim,
Mag’an sesti tatli’,ku’lgeni ma’lha’m,
Ha’rku’n qushag’i’ma basam der yedim[5].

---

[5] Избасқанов Ж «Ақ қуслар» Нөкис, 2014, 325-б

Qosi’qta wo’z muhabbati’na sadi’q ashi’qti’n’ kelbeti beriledi, waqi’tti’n’ ji’ldi’ri’mday wo’tiwi bi’raq insan muhabbattan bas Keshe almaytug’i’nli’g’i’ ayti’ladi’.

G’a’rezsizlik da’wirindegi poeziyada ju’da’ tepershilik penen ko’rine basladi’. Shayi’rdi’n’ bul da’wirde «Ashi’q bolmag’an kim bar»(1991), «Xosh qal jasli’g’i’m» (1993), «A’lwidag’ muhabbat,a’lwidag’»(1993), degen atamalar menen lirikali’q qosi’qlari’ baspadan shi’qti’.Xalila Da’wletnazarov qaraqalpaq poeziyasi’ maydani’na jaynap-jasnap kirip kelgen wo’z hawazi’, wo’z joli’na iye talantli’ shayi’r[6]. Sonday-aq X.Da’wletnazarov muhabbat tari’n wo’zinshe bir i’shqi’ mehr, na’zik i’rg’aq penen terbetken shayi’r.Oni’n’ «Xat», «Sen mag’an kereksen’», «Sen jaqsi’ qi’zsan’», «Ashi’q bolmag’an kim bar», «Xosh qal jasli’g’i’m», qosi’qlar toplami’ a’lleqashan woqi’wshi’lar kewlinen wori’n alg’an. Shayi’r toplamlari’nda ju’rek to’rinen shi’qqan tu’rli mazmundag’i’ a’jayi’p qosi’qlardi’ woqi’ymi’z. A’sirese, muhabbat temasi’ shayi’rdi’n’ yen’ su’yip jazg’an do’retpeleri desek asi’ra aytpaymi’z.

Gu’llerdi saqlawdan awi’r na’rse joq,

Na’kasti’ jaqlawdan awi’r na’rse joq,

Qi’zlardi’ maqtawdan ta’wir na’rse joq,

Suli’wli’qqa bende bolmag’an kim bar?

Ishqi’-en’ baxi’tli’ payti’m dep bildim,

Ko’zimde jas toli’, yeljirep ku’ldim,

[6] **Тилеўова Нигора Ашық болмаған ким бар? «Қарақалпақстан жаслары» 1993-жыл 23-сентябрь**

Kimge ahi’w-zarman, kimgesu’yildim,

G’umsha jari’p son’i’ra, solmag’an kim bar?[7]

Berilgen katarlarda shayi’rdi’n’ muhabbatti’ si’patlawshi’ sezimleri ji’rlanadi’. İnsanni’n’ kewlin iyelegen yen’ u’lken baxi’t bul muhabbat degen juwmaqti’ beredi.

Bul da’wirde wo’zinin’ bir-birin takrarlamaytug’i’n qosi’qlari’ menen a’debiyatta do’retiwshilik qi’li’p kiyati’rg’an shayi’rlardan biri B.Genjemuratov boli’p tabi’ladi’ Lirika basqa tu’rlerden waqi’tti’n’ jan’ali’qlari’n tez sa’wlelendiriwi menen aji’rali’p turadi’. Ha’zirgi poeziyami’z tematikali’q jaqtan ken’eyip, bu’gingi da’wir adamlari’ni’n’ woy-seziin su’wretlew teren’lesip barati’rg’anli’g’i’ menen wo’zgeshelenedi.O’mirimiz poeziyag’a uqsasha’r bir lirikali’q qosi’qta shayi’rlar ko’p na’rselerdi aytpaqshi’ boladi’. Bul jaqsi’ na’rse. B.Genjemuratovti’n’ lirikasi’n woqi’p woti’rg’an woqi’wshi’ shayi’r du’nya tani’mi’ni’n’ teren’ligin sezinip qayi’l qaladi’.Shayi’r «Kashan kelesiz», «Qapasi’z nege?», «Bul muhabbat pa?», «Titanik qosi’g’i’n ja’ne bir aytti’r», «Sizden qashpasam bolmas», «Gu’msay», «Gu’listan», «Genjexan», «Hu’rliman», «O’mirdin’ mazasi’», «Zer-zebil jamg’i’rda adasqi’m keler», «O’mirdin’ mazasi’», h.t.b qosi’qlari’ jigittin’ qi’zg’a bolg’an ashi’qli’q sezimlerin beredi. Shayi’rdi’n’ «Zer-zebil jamg’i’rda adasqi’m keler», atamasi’ndag’i’ qosi’g’i’nda:

Zer-zebil jamg’i’rda adasqi’m keler
qutli’ sezim menen.
Gu’llewdi sag’i’ng’an jawanday-Ba’ha’r-

[7] Дәулетназаров Х Ашық болмаған ким бар Нокис, 1991, «Қарақалпақстан» 1991, 46-б

usi’ gezin’ menen.

O’tkergen bir ku’nin’di qa’ytarmas waqi’t,
si’nar to’zim degen.
Ishqi’ no’serinde adasi’w baxt
jalg’i’z wo’zin’ menen!...

Qosi’qta shayi’r jasari’w pasli’ bolg’an ba’hardi ashi’g’i’na ten’eydi. Baxi’tli’ ku’nler qayta takrarlanbaydi’, baxt kitabi’ a’ste ashi’la beredi. Jabi’lg’an betler qayta ashi’lmaydi’ O’z muhabbati’ menen jasaw ha’r bir insan ushi’n u’lken baxi’t degen ug’i’mdi’ woqi’wshi’ kewline sin’diredi.

G’a’rezsizlik da’wirindegi poeziyada wo’zinin’ tiykarg’i’ temasi’ sap muhabbat sezimlerin uli’g’lawshi’ shayi’r si’pati’nda P.Mi’rzabaeva belgili. Bul da’wirde shayi’rdi’n’ lirikasi’ «A’miwda’rya» jurnali’ betlerinde jaryalani’p bari’ldi’. Shayi’rdi’n’ muhabbat lirikasi’ takrarlanbas mazmuni’ pa’k sezimlerdi sa’wlelendiriwdegi izlenisleri menen aji’rali’p turadi’. Shayi’rdi’n’ «A’miwda’rya» jurnali’ 2000-ji’lg’i’ № 6 sani’nda jaryalang’an «Jalg’i’zgenem», «Baxt uri’si’ dep…», «Muhabbati’mnan», «Jayg’aspas jani’mni’n’», «Da’rwazan’ aldi’nda», «Hawazi’n’ telefon arjag’i’ndag’i’», «Posalarg’a ko’milgen demler», «İzleymen seni», «Senin’» h.t.b jigirmag’a shamalas qosi’qlari’ muhabbat temasi’nda jazi’lg’an boli’p shayra bul qosi’qlari’n lirikali’q qaharman turmi’sli’q tolg’ani’slari’ aldi’nda ma’rtlik penen ha’reket yetip wo’zinin’ pa’k muhabbat sezimlerin korg’ay aladi’. Turmi’sli’q mashqalalardan insani’y tuyg’i’ni’ u’stin qoyadi’.

Qi'yanet qanjari' jani'mdi' tildi',
Sonda da wo'zin'nen beze almadi'm,
Qa'lbimde sen ushi'n saqlag'an gu'ldi,
O'zgege hesh ina'm yete almadi'm.

Shayra P.Mi'rzabaevani'n' qosi'qlari', tan'lag'an temalari' mazmuni' menen jaqi'nan baylani'sadi'. Muhabbat temasi'ndag'i' qosi'qlari'nda avtordi'n' kewlinen keshken sezimler, wo'z-o'zine bolg'an isenimli ha'm sabi'rli' haqi'yqatshi'l pa'ziyletler hesh bir shayi'rg'a usamaytug'un ta'repi yesaplanadi'. Muhabbatti'n' quwani'shlari' da, qayg'i'lari' da jan'asha tu'ste sa'wlelenedi. Tiykari'nan alg'anda shayi'r lirikasi'ni'n' woriginal pafosi' woqi'wshi'ni' biypari'q qaldi'rmaydi'. Oni'n' qosi'qlari'nda ayrali'q azabi'na shi'damag'an lirikali'q qaharman bul du'nyadan tu'n'ilmeydi, kerisinshe wonda wo'mirge bolg'an gu'resshen' halati' su'wretlenedi. «… P.Mi'rzabaeva wo'tken a'sirdin' 80-ji'llari'ni'n' birinshi yari'mi'nda qaraqalpaq poeziyasi'na kirip kelgen, ten'lesleri arasi'nda wo'z so'zi, wo'z hawazi'na wo'zine ta'n talant jo'nelisine iye shayra Patima az, lekin saz jazatug'i'n do'retiwshi[8]. –dep baha bergen yedi f.i.d. professor K.Qurambaev.

Poeziya da'wilerge maslasi'p rawajlani'p woti'radi'. Ha'r da'wirde shayi'rlar wo'nimi bolg'an lirika wo'zinin' janri' boyi'nsha bir qi'yli' bolmaydi'. İnsan ta'biyati' ha'm qa'siyeti boyi'nsha da'wirge usaydi'. G'a'rezsizlik da'wirindegi muhabbat temasi'na arnalg'an lirikalar shayi'rlardi'n' jeke individual stilinde

[8] К. Курамбаев Өз сўзи ва өз авозига ега шойра. «Қарақалпақ әдебияты » 2013-жылы №1(25) январь

woqi'wshi'ni' wo'zine biyim yetti. Shayi'rlar tilinde muhabbat temasi' aldi'ng'i' wori'ng'a ko'terildi. Muhabbat temasi' ha'r da'yairde wo'zinin' rawajlani'w joli'nan shi'qpag'an, wo'tken da'wirde da'wir ruwhi' menen a'debiyatta jasag'an bolsa, bu'gin insan indevidual sezimi menen jasap kelmekte. G'a'rezsizlik da'wirindegi muhabbat lirikasi' mine usi' ta'repleri menen aldi'ng'i' da'wir poeziyasi'nan tikkeley aji'raladi'.

## II Bap G’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq poeziyasi’nda muhabbat lirikasi’ni’n’ janrli’q wo’zgeshelikleri

### II 1.**Ha’zirgi poeziyada muhabbat lirikasi’ni’n’ janrli’q qa’siyetlerin izertlewdin’ ayi’ri’m ma’seleleri.**

Muhabbat bul temani’ ji’rlamag’an shayi’r bolmasa kerek. Muhabbat yeski na’rse boli’wi’na qaramastan woni’ ha’r bir taza ju’rek jan’arti’p woti’radi’. Ko’rkem ədebiyatti’n’ ko’p g’ana məseleleri, əsirese, lirika janri’ni’n’ rawajlani’wi’, ko’rkemlik qa’siyetleri məselesi barli’q ədebiyatshi’lardi’n’ di’qqat-itibari’n wo’zine tarti’p keldi. Soni’n’ ushi’n həzirgi ku’nge shekem qaraqalpaq ədebiyattani’w iliminde teoriyali’q məselelerge, arnalg’an birqansha ilimiy miynetler ju’zege keldi.

Prof. K.Məmbetovti’n’ «Ədebiyat teoriyasi’» (1995) atli’ monografiyasi’nda da ədebiyatti’n’ barli’q tarawlari’ menen birgelikte lirika həm woni’n’ ko’rkem formalari’ haqqi’nda teoriyali’q si’patlamalar beriledi.

Filologiya ilimlerinin’ doktori’ Q.Orazi’mbetovti’n’ «Həzirgi dəwirdegi qaraqalpaq lirikasi’nda ko’rkemlik izleniwshilik»(1992) atli’ kandidatli’q dissertaciya jumi’si’nda həm «Həzirgi qaraqalpaq lirikasi’nda ko’rkem formalardi’n’ yevolyuciyasi’ həm tipologiyasi’» (2004) atli’ monografiyali’q jumi’si’nda həzirgi qaraqalpaq lirikasi’ jo’ninde so’z yete woti’ri’p, ko’rkem forma salasi’nda da rawajlani’wdi’n’ bar yekenin izertlegen. Soni’n’ ishinde qaraqalpaq ədebiyati’nda yerkin qosi’qlardi’n’ janrli’q wo’zinshelikleri, wolardi’n’ formali’q qəsiyetleri, wolardi’ payda yetetug’i’n tiykarg’i’

yelementler, qosi'qti'n' du'zilisi si'yaqli' məseleler ko'rkem tekstlik materiallarg'a tiykarlang'an halda izertlegen həm tiyisli juwmaqlar shi'g'ari'lg'an.

Filologiya ilimlerinin' doktori' Q.Jərimbetovti'n' «XIX əsir qaraqalpaq lirikasi'ni'n' janrli'q qəsiyetleri həm rawajlani'w tariyxi'» (No'kis,2004) degen monografiyali'q jumi'si'nda qaraqalpaq lirikasi'ni'n' milliy ko'rkemlik sag'alari', XIX əsirdegi qaraqalpaq lirikasi'ni'n' janrli'q wo'zgeshelikleri ani'qlani'p klassifikaciyalanadi'.

İlimpazdi'n' Ashi'q Ziywar (1998) atamasi'ndag' miynetinde de muhabbat ma'selesinde so'z boladi' ilimpaz bul ilimiy wocherkinde Ziywar (A'jiniyaz) shayi'rdi'n' ashi'qli'q lirikasi'ni'n' janrli'q qasiyetleri, wolardi'n' social ha'm filosofyali'q tami'rlari', qarasti'ri'ladi'. Sonday-aqusi' shayi'rdi'n' ashi'qli'q lirikasi'ni'n' obrazlar du'nyasi' da jan'a da'wir wo'lshemleri, talaplari' tiykari'nda ko'zden keshiriledi.

G'a'rezsizlik da'wirindegi poeziyada shayi'rlardi'n' lirikasi' muhabbat ma'selesin tu'rlendirip bir-birin takirarlamaytug'i'n da'rejede jazi'ldi'. Bul da'wirde talantli' shayi'rlari'mi'zdi'n' ishqi' sezimge bolg'an qatnasi' a'debiyat maydani'nda wo'zgeshe ko'rine basladi'. Poeziyada muhabbat ma'selesi a'yyemgi da'wirden bu'ginge shekem hesh tosqi'nli'qqa ushi'ramay jetip kelgen ha'tteki, keleshekte bul tema hesh waqi't go'nermeytug'i'ni' so'zsiz. Formali'q jaqtan yen' kishi lirikali'q janrlarda da teren' poetikali'q mazmundi' ja'mlegen muhabbat qosi'qlari' wo'z ko'rinisin tapqan. A'debiyatshi' ilimpazlardi'n' ko'pshiligi ha'zirgi poeziyada muhabbat lirikasi'ni'n' janrli'q qa'siyetlerin u'yreniwge

ha’reket yetedi. A’debiyatshi’, L.V.Chernets janrlardi’n’ payda boli’wi’nda qa’liplesiwinde ha’m wolardi’n’ qa’siyetlerin u’yreniwde shi’g’armani’n’ mazmun wo’zgeshelikleri jetekshi wori’ndi’ iyeleydi[9]. dep keltiredi wo’z miynetinde. Solay yetip, L.V.Chernets a’debiy shi’g’armalardi’ janri’ boyi’nsha izertlewdi mazmunli’q printsiptin’ na’tiyjeli yekenligin ko’rsetedi.

Ha’zirgi poeziyada muhabbat lirikasi’ni’n’ janrli’q qa’siyetlerin izertlewde tari’yxi’y sha’rayattan bu’gingi da’wirge shekem izertleniw jag’dayi’ haqqi’nda, wo’z jumi’si’mi’zda toqtap wo’tiwdi’ maqul tapti’q. İlimpaz a’debiyatshi’, Q.Jarimbetov lirikani’n’ janrli’q talaplari’na toli’q juwap beretug’i’n muhabbat qosi’qlari’ da’slepki ma’rtebe tek XIX a’sir qaraqalpaq poeziyasi’nda ani’g’i’raq aytsaq A’jiniyaz do’retiwshiliginde ko’rinedi. Olar wo’z aldi’na janr boli’p qaliplesedi ha’m pu’tin bir filosofiyali’q konsepciya da’rejesine ko’teriledi.[10] -dep ko’rsetedi. İlimpaz miynetinde A’jiniyaz shayi’rdi’n’ lirikalari’n tekstlik tallay woti’ri’p haq ishqi’si’n ji’rlag’an dep da’lilleydi. Degen menen shayi’rdi’n’ ayi’ri’m qosi’qlari’nda du’nyawiy muhabbatti’n’ da ji’rlanatug’i’nli’g’i’n ayti’p wo’tedi. «…Ziywar shayi’rdi’n’ «A’y na’za’limler», «Go’zzallar», «Bir janan», «Bir pa’riy», «Sa’wdigim» qosi’qlari’ XIX a’sir qaraqalpaq poeziyasi’nda pinhani’ lirikani’n’ a’jayi’p u’lgileri boli’p yesaplanadi’. Pinhani’ lirikani’n’ ta’rtipleri du’nya a’debiyati’ boyi’nsha birdey. Onda lirikali’q qaharmanni’n’ ju’rek to’rinde jati’rg’an na’zik sezimleri ko’rinedi, wol wo’z ju’regi menen wo’zi

---

[9] Чернец.Л.В Литературные жанры, проблемы типологии и поэтики, Москва. Изд-во МГУ 1982, С.21

[10] Жаримбетов Қ XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарыйхы. Нөкис , «Билим» 2004,107-б

so’ylesedi, wo’zinin’ ruwhi’y keshirmelerin, da’rtlerin, halatlari’n bayan yetedi. Soni’n’ ushi’n da du’nya shayi’rlari’ i’shqi’ –muhabbat sezimlerin ji’rlag’anda pinhani’ lirikag’a ju’ginedi, woni’n’ janrli’q mu’mkinshiliklerin iske saladi’.[11] Keyingi da’wirlerde ilimpaz Q.Orazi’mbetovtin’ miynetlerinde shayi’rlardi’n’ muhabbat temasi’ndag’i’ qosi’qlari’ ilimiy talqi’g’a tarti’ladi’. A’debiyatshi’, shayi’rlardi’n’ muhabbat qosi’qlari’n janrli’q ta’repten analizleydi. Ma’selen, ilimpazdi’n’ miynetinde bul haqqi’nda J. İzbasqanovti’n’ do’retpesi to’mendegi mi’salda analizlengen.

Ma’ngilik i’shqi’mdi’ suwi’tpa jani’m,
Bolmasa kewildin’ tolmag’i’ qayda,
Qansha woylansam da mag’an basqani’n’,
Ba’ribir wo’zin’dey bolmag’i’ qayda,
Sebep muhabbatsi’z wo’mir su’riwi,
Ruwxi’y jarli’ boli’p ju’riw wol.

Bul si’rtqi’ formasi’ boyi’nsha ji’smani’y muhabbat,i’shqi’ muhabbati’ haqqi’nda pikirlewdey boli’p tuyi’ladi’. Haqi’yqati’nda shayi’r ayti’p turg’an muhabbat joqari’da ayti’lg’anday muhabbat yemes. Ol uli’wma muhabbat boli’wi’ mu’mkin.(bul muhabbat tuwi’lg’an jerge, ata-anag’a yarg’a basqada jaqi’n adamlari’na yamasa, qa’legen jaqsi’li’q kategoryasi’na da qarati’lg’an boli’wi’ mu’mkin)[12]. İlimpaz formali’q ta’repten izlenip woti’ri’p muhabbat

---

[11] Жаримбетов Қ Ашық Зийўар. Нөкис, «Билим» 1998,11-б

[12] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис «Билим», 2004, 83-б

lirikasi'na joqari'dag'i' pikirdi beredi. Bunnan ti'sqari' ko'plegen ilimpazlardi'n' miynetlerinde muhabbat lirikasi'na ilimiy, publististikali'q pikirler ayti'lg'an.

Muhabbat lirikasi'ni'n' janrli'q qasiyetlerin izertlegen ilimpazlar teksttin' mazmuni'na qaray pikir ju'ritedi. Biz jumi'si'mi'zda so'z qi'li'p woti'rg'an jigittin' qi'zg'a yaki qi'zdi'n' jigitke bolg'an ashi'qli'q sezimlerin folklorist ilimpaz, Yu.Paxratdinov ha'm D.Paxratdinov wo'z miynetinde to'mendegishe keltiredi. «G'a'rezsizlik da'wirinde de buri'ng'i'day muhabbatqa arnalg'an qosi'qlar bar. Degen menen xali'q folklordan go're jazba a'debiyatta qosi'qti'n' bul janri' ko'p jarati'li'p ati'r. Oni'n' sebeplerinin' biri jaslar bayag'i'day xat arqali' bir-biri menen tani'si'w da'stu'ri siyreklesip ketti»[13] Demek, ha'zirgi a'debiy protseste ilimpazlardi'n' muhabbat lirikasi'ni'n' janrli'q qa'siyetleri boyi'nsha ilimpazlardi'n' bergen pikirlerin qollap quwatlawg'a boladi'.

Muhabbat ma'selesin so'z yetkende a'lbette, jigittin' qi'zg'a bolg'an sezimleri beriletug'i'nli'gi' so'zsiz. Sol ushi'n biz jumi'si'mi'zda a'debiyatshi' ali'mlar ta'repinen shayi'rlar qa'leminen do'relip ati'rg'an shi'g'armalari'nda ashi'qlardi'n' obrazi'n beriwshi qatarlardi' jumi'sta tekstlik mi'salg'a aldi'q. Demek, biz so'z yetip woti'rg'an İ.Yusupov, J.İzbasqanov, X.Da'wletnazarov, B.Genjemuratov, P.Mi'rzabaevalardi'n' qa'legen janrlarda do'regen qosi'qlari' muhabbat lirikasa arnalg'anli'g'i'ni'n' gu'wasi' boli'p woti'rmi'z. G'a'rezsizlik da'wirindegi a'debiyatta shayi'rlardi'n' muhabbat lirikalari'na nama jazi'ldi'. Olar woki'wshi'lar ta'repinen

[13] Ю. Пахратдинов ҳәм Д.Пахратдинов Ғәрезсизлик жыллардағы қарақалпақ халық қосықлары. Нөкис, «Билим» 2014,62-б

jaqsi' qabi'llandi'. Ha'zirgi da'wirdede shayi'rlardi'n' qosi'qlari' ilimiy publististikali'q jaqtan talqi'g'a ali'ni'p baspa so'zde tez-tez jari'q ko'rip tur.

Bu'gingi da'wirde a'debiyatshi'lar ta'repinen muhabbat lirikasi'n izertlegende janrli'q qa'siyetleri boyi'nsha du'nyawiy jigit penen qi'z arasi'ndag'i' muhabbat qosi'qlari' ilimiy talqi'g'a tarti'lmaqta a'debiyatshi' Q.Jarimbetov bul boyi'nsha mi'nanday juwmaqlar shi'g'aradi'.

«…Janrli'q qa'siyetleri boyi'nsha ashi'qli'q qosi'qlari' lirikali'q qaharman ju'rek to'rinen shi'qqan mo'ldir sezimlerdi beredi. Lirikali'q qaharmanni'n' ju'rek sezimleri insang'a ta'n ta'biyiy (ji'nsi'y) i'shqi'ni'n' tiykari'nda payda boladi' ha'm wolar si'rtqi' du'nyawiy ta'sirlerdin' na'tiyjesinde yetikali'q qa'siyetlerdi yag'ni'y ja'miyetlik ta'rtiplerdi u'rp a'detlerdin' insani'yli'q normalari' na'tiyjesinde sonday-aq du'nyani' ko'rkem tani'wdi'n' na'tiiyjesinde yestetikali'q qa'siyetlerdi iyeleydi»[14] Muhabbat ma'selesin so'z yetetug'i'n ilimiy miynetler ayi'ri'm shayi'rlardi'n' wo'miri ha'm do'retiwshiligi boyi'nsha izertlengen miynetlerde ko'plep ushi'rasadi'. K.Mambetovti'n' «A'jiniyaz» (1994) ilimiy wocherkinde shayi'rdi'n' muhabbat qosi'qlari' talqi'g'a tarti'ladi'. J.Nari'mbetovti'n' «Sahra gu'li» (2001) ilimiy wocherkinde İ.Yusupovti'n' muhabbat temasi'ndag'i' nama qosi'qlari' analizlenedi. Uli'wmalasti'ri'p aytatug'i'n bolsaq, ha'zirgi poeziyada muhabbat lirikasi'ni'n' janrli'q qa'siyetlerin izertlew a'debiyattani'w ilimin izertlewshilerdin' aldi'nda turg'an u'lken jumi's yesaplanadi'. Ha'r bir shayi'rdi'n'

[14] Жаримбетов Қ XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарыйхы. Нөкис , «Билим» 2004,106-б

muhabbat lirikasi'n jeke u'yreniw a'debiyat iliminin' rawajlani'wi'na u'lken ta'sir tiygizetug'i'nli'g'i' so'zsiz. G'a'rezsizlik da'wirinde do'relip ati'rg'an qosi'qlardi'n' janrli'q qa'siyetlerin u'yreniw keleshekte de dawam yetetug'i'n u'lken ma'sele boloi'p tabi'ladi'.

## II .2. Ha’zirgi  muhabbat lirikasi’ni’n’ janrli’q wo’zgeshelikleri

(Qosi’q, g’a’zzel, muashshaq, verlibr, sonet.)

G’arezsizlik da’wiri qaraqalpaq a’debiyati’nti’ janrli’q ha’m stillik ko’z qarastan u’lken tabi’slardi’ qolg’a kirgizdi.Buri’n bolmag’an poeziya janrlari’ muhabbat temasi’nda wo’z ko’rinisin tapti’.Na’tiyjede miley poeziyada ashi’qli’q sezimin su’wretlew mu’mkinshiligi ken’eydi. Biz wobekt yetip alg’an milliy qaraqalpaq poeziyasi’nda muhabbat lirikasi’ ha’r qi’yli’ janrli’q rawajlani’wdi’ bastan keshirdi.Oni’n’ qurami’nda qosi’q, g’a’zzel, to’rtlik, muashshaq, sonet, verlibr h.t.b. lirikali’q janrlar wo’z aldi’na qa’liplesken, forma si’pati’nda insanni’n’ ishqi’ sezimlerin su’wretlewge xi’zmetetedi. Muhabbat temasi’nda jazi’lg’an shayi’rlardi’n’ poeziyasi’ wo’zinin’ ko’rkem forma salasi’ndag’i’ izlenisleri menen aji’rali’p turadi’. Shayi’rlardi’n’ muhabbat lirikasi’n jumi’si’mi’zda;qosi’q, to’rtlik, yerkin qosi’q (verlibr), muashshaq, sonet si’yaqli’ janrli’q tu’rlerge aji’ratami’z.

Qosi’q-A’debiyatta yen’ yeski janr. Poeziyada belgili bir zan’g’a tiykarlanatug’i’n ritimlik ga’p.Turmi’sti’ ko’rkemlik  penen tanti’wdi’ poetikali’q so’zdin’ qu’ri’li’si’ wog’ada a’hmiyetli wori’n iyeleydi, wol shayi’rdi’n’ tiykarg’i’ pikirin tu’sindirip beriw ushi’n xi’zmet yetedi. Qosi’q janri’ u’lgisinde İ.Yusupovti’n’ nama qosi’qlari’n mi’sal qi’lsaq boladi’.

Menin’ i’g’bali’ma  jaralg’an du’nya,

Bir wo’zin’nen basqa janan ko’rinbes,

Miyriban desedi seni adamlar,

Miyrim-sha’pa’a’tin’ mag’an ko’rinbes.

Go’zzal bardur go’zzallardan zi’yada,

Ashi’q Ayaz gezer payw-piyada,

Suli’wlarg’a tolg’an bul  ken’ du’nda,

Bir wo’zin’nen basqa janan ko’rinbes[15].

Ko’pshilik shayi’rlar ishinde J.İzbasqanovti’n’ muhabbat lirikasi’ mazmuni’ teren’, ashi’qlardi’n’ sezimin su’wretlep beriwi menen aji’rali’p turadi’.

Ko’rdim bu’gin tan’ payti’ shi’g’i’p,

Do’gerek- dash, tallar da sel-sel,

Qushag’i’ma jan’bi’rday sin’ip,

Ketiw ushi’n dilbari’m kel, kel.

[15] Юсупов И Қосықлар, «Әмиўдәрья», 1999,3сан 3-б

Sag'i'ni'sh pasli' desek gu'z ayi'n,

Tu'slerime ha'r ku'n yenersen',

Bul halatti' qa'ytip buzayi'n,

Kel sen, kel sen.[16]

G'a'zzel-(arabsha doslasi'w) tiykarg'i' temasi' muhabbat. Monorifmali' jup qatarli' uyqasi'wshi' birinshi bayti matla, aqi'rg'i' bayti maqta dep atali'wshi', ko'p waqi'tlar bes ba'ytliden won yeki baytltge shekem jazi'lg'an, ha'r bir bayti sali'sti'rmali' tu'rde g'a'rezsiz soni'n' menen birge ha'mme baytleri logikali'q ha'm ko'rkemlik jaqtan bir –biri menen ti'g'i'z baylani'sqan, son'g'i' baytinde taqallus keltiriletug'i'n lirik janr.[17] Bul janrda İ.Yusupov, P.Mi'rzabaeva lirikalari'n ko'riwge boladi'.

Bu'gin kewlim sha'menleri, qulpi'ri'p tur wo'zge na'rse keregi joq,

Kewil xanam yarg'a taman  talpi'ni'p tur wo'zge na'rsekeregi joq,

Men shadli'man mag'an sira baxtiyarli'q ma'n'g'i nesip yetermeken,

Yar ko'zinin' woti' ma'n'g'i nesip yetse, wo'zge na'rse keregi joq.

A'y sahiy ta'biyat gu'lzar yetkil yar ju'rgen ko'shelerdi,

[16] Избасқанов Ж. Муҳаббат лирасы. «Қарақалпақстан» 1992, 106-б
[17] Адабий турлар ва жанрлар. Уч жилидлик 2-жилд, Тошкент, «Фан», 1992, 192-б

La'zzetlenip yeslesem wol, wo'tken aydi'n keshelerdi.

Ha'siretim shadli'g'i'mdi',sag'i'ni'shi'mdi' yarg'a jetkerin'

Eger yar dep azap sheksem, wo'zge na'rse keregi joq.

Muashshaq- shi'g'i's a'debiyati'nda ken' tarqalg'an lirikali'q forma. Qosi'qtag'i' qatar bayt, yaki ba'nttin' bas ha'riplerinin' ji'yi'ndi'si'nan adamni'n' ati', so'z, atama,yamasa na'zerde tuti'lg'an ug'i'mdi' keltirip shi'g'aratug'i'n qosi'q.[18]

Qaraqalpaq a'debiyati'nda muhabbat temasi'na arnalg'an muashshaq qosi'qlari' shayi'r B.Genjemuratovti'n' lirikasi'nda u'lken wori'n iyeleydi.Shayi'rdi'n' Nawri'z samallar atli' muashshaq du'rkininde 9 muashshaq jamlesip wolar «Qashan kelesiz», «qapasi'z nege», «Bul muhabbat pa?», «Titanik qosi'g'i'n ja'ne bir aytti'r», «Sizden qashpasam bolmas»,degen so'z dizbekleri ha'm «Gu'msay», «Gu'listan», «Genjexan», «Hu'rliman»[19] do'retpeleri muhabbat sezimin beriwshi shi'g'armalardan ibarat.

G'a'rezsizlik da'wirindegi poeziyada muhabbat lirikasi'n do'retken shayi'rlar bir-birinen stillik wo'zgesheligi menen aji'rali'p turadi'. Bul da'wirde poeziya wo'zinin' rawajlani'w joli'nda jan'a basqi'shqa ko'terildi. Keyingi 10-15 ji'lli'qta shayi'rlardi'n' poeziyali'q bag'i'ti'nda muhabbat lirikasi' u'lken wori'ndi' iyeleydi. Bul wori'nda muhabbat temasi' qaraqalpaq a'debiyati poeziyasi'ni'n' tiykarg'i' bo'limin iyelep turg'anli'g'i' da haqi'yqat. A'sirese, B.Genjemuratovti'n' muwashshaq formasi'nda do'retilgen qosi'qlari' muhabbat lirikasi'ni'n' yen' jaqsi' u'lgilerdin' biri. Shayi'rdi'n'

---

[18] Сонда 180-б
[19] Генжемуратов Б «Қарақалпақстан жаслары» 2000, 27-апрель № 17

wo'z shi'g'armalari'na jan'a forma izlestiriwge do'retiwshilik penen qatnas jasawi' qosi'qti'n' tabi'si'n belgileytug'i'n kireteriyalardi'n' biri. Sebebi, ko'rkem forma ko'rkemliliktin' bir yelementi.[20] Biz wo'z jumi'si'mi'zda B.Genjemuratovti'n' «Saylandi' shi'g'armalar» toplami'nda ja'riyalang'an lirikasi''n talqi'g'a tartami'z.Woni'n' 2000-ji'llarda do'retilgen «Titanik qosi'g'i'n ja'ne bir aytti'r» atamasi'ndag'i' muashshaq qosi'g'i' muxabbat sezimi haqqinda woy-pikirdi teren'nen tu'sindirip beredi. Bul qosi'q wo'zinin' ritmi, mazmuni' menen yeki jasti'n' bir-birine bolg'an ashi''qli''q sezimlerin, woqi'wshi'ni'n' ko'z aldi'na yelesletedi, woni'n' ju'regindegi sezim tarlari'n shertedi. Qosi''qti''n' da'slepki qatarlari''nan baslap lirik qaharmanni''n' sezimleri rawajlana baslaydi''.

Titanik qosi'g'i'n ja'ne bir aytti'r,
İyrimge usaydi' muhabbat da'rti.
Tu'n- jalg'i'z, men -jalg'i'z… Aspanda ay tur,
Ayrali'q, sag'i'ni'sh- su'ymektin' arti'…
Nege usi' qosi'q mag'an unaydi'?!
İntizar qa'lbimdi mun'larg'a bo'lep…
Keshegi ta'g'dirime ku'ta' usaydi'-
Qosiq ha'm muzika tolqiydi ju'rek[21].

Muhabbat sezimi lirikali'q qaharman tilinen wog'ada sheber tu'sindirilgen.

---

[20] Оразымбетов Қ Ҳәзирги карақалпақ лирикасында көркем формалардың эволютциясы ҳәм типологиясы. Нөкис ,«Билим» 2004 11-б

[21] Б.Генжемуратов. Сайланды шығармалар топламы.Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012. 75-б

A’lbette, qa’legen shayi’r do’retiwshiliginde muhabbat temasi’ bolari’ so’zsiz. Sebebi, bul tema ma’n’gilik tema. Wol shayi’r sezimine tez ta’sir yetip, woni’n’ sezimtal du’nyasi’n qi’ti’qlaqi’sh keledi, B Genjemuratov bunday lirikani’ su’yip do’retedi.[22]

Qosi’q arqali’ shayi’r hesh bir da’wirde wo’z bahasi’n joytpag’an muhabbat sezimin tu’sindirmekshi boladi’. Shayi’rdi’n’ sheberligi sonda wol wo’z shi’g’armasi’nda paydalanatug’i’n so’zdi ko’rkem so’zge, biz ba’rshemiz su’yip tamasha qi’lg’an «Titanik » kino filimindegi qosi’qqa parallel qi’li’p aladi’. Bizin’ ko’z aldi’mi’zdan wo’tip ati’rg’an ashi’qli’q du’nyasi’ arqali’ B Genjemuratov ko’rkem so’z marjani’n tere alg’an, wog’an filosofiyali’q woy berip sezimlerdi to’gip salg’an. Ne ushi’n shayi’r «Titanik» qosi’g’i’n tema qi’li’p alg’an? Bul soraw barli’q woqi’wshi’ni’ qi’zi’qti’ratug’i’nli’g’i’ ta’biyiy. Basqa filimlerde de bul qosi’q si’yaqli’ jaqsi’ muzikali’ qosi’qlar bar. Bi’raq, shayi’r detal qi’li’p usi’ kino ha’m wonda ayti’lg’an qosi’qti’ tan’lap alg’an. Qosi’q jani’rli’q jaqtan muhabbat lirikasi’. Buni’n’ sebebi insandi’ qi’yal du’nyasi’na sho’ktiretug’i’n, ju’reklerdi tolg’andi’ratug’i’n, kewildi wo’rteytug’i’n, sezimler ji’yi’ndi’si’ bar bunda. Muhabbat sezimi arqali’ ashi’q insanni’n’ ko’rinisi sa’wleleniwin tapqan. Ashi’qli’q- bul da’rtke dawa izlewde tu’nlerin uyqi’si’z, tan’i’ uzaq bolsa da kirpigin-kirppigine ayqasti’rmay naz, mehir, ma’rtlikti biriktire aladi’ degen juwmaqti’ beredi. Biz mi’sal qi’li’p alg’an bul do’retpeni woqi’p woti’rg’anda lirikada uli’g’lani’p woti’rg’an muhabbat sezimi u’lken waqi’yali’qti’ bere alg’an, B.Genjemuratovti’’n’ lirik

---

[22] Оразымбетов К сезимлер дүнясының есигин ашың (алғы сөз)// Генжемуратов Б Сайланды шығармалар. Нөкис. «Қарақалпақстан». 2012. 5-6 б

qaharmani’’ ashi’’qlardi’’n’ bir-birine bolg’an sezimine ha’wes yetedi, ha’tte, wolarg’a jani’’n beriwge de tayar boladi’. Wol keyingi qatarlarda wo’zinin’ turmi’’si’’ menen birge qosi’’qti’’ sali’’sti’’radi’’. Jasli’’q waqti’’nda bir qi’’zg’a ashi’’q bolg’anli’’g’i’n ayta kelip, Tu’n, Aspan, Juldi’’zdi’’n’ si’’rlas boli’’wi’’ da bi’zlerdin’ muhabbati’’mi’’zdi’’n’ bir ko’rinisi yedi, woqi’’wshi’’g’a « Isen, bir ma’rte de wog’an tiymedim » dep mu’rajet yetip kewlindegi pa’k sezimi menen bayanlaydi’’. Yoshli’’ ju’regi bu’gin da’rtke tolg’an qaharman … “Tu’nimdi jaqti’’rtqan jani’’q Ay yedi, Titanik qosi’’g’in ja’ne bir aytti’’r…”, Men ba’ribir jasli’’g’i’ma qaytalmayman. qi’’yali’’m menen i’lag’i’p keteyin, jollari’’m g’a’riptiki bolsi’’n ha’m jasli’’g’i’mdi’’ yeslep ja’ne bir ji’’layi’’n, tatli’’ sezimlerdi’n’ qatnasi’’wshi’’si’’ bolayi’’n, ja’ne bir joytti’’r dep juwmaq beredi.

Ashi’’qli’’q qosi’’qlari’’nda lirikali’’q qaharmandi’’ adamg’a ta’n hasi’’l qa’siyet bolg’an shi’’n kewilden su’yiw sezimleri biyleydi. Wol usi’’ sezimler qursawi’’nda boladi’’.[23]Bul qosiqta lirikali’q qaharman wo’z jasli’g’i’n yesleydi ha’m woni’ qosi’qqa sali’sti’radi’, woy-qi’yali’ni’n’ biyik taw sarqi’ramasi’nan atli’g’i’p turg’an suwdi’ tolqi’nlari’ menen izlegen da’rya si’yaqli’ jasli’g’i’na qaray bag’darlaydi’. Tu’n, Aspan, Juldi’z barli’q ashi’qlardi’n’ si’rlasi’ yesaplanadi’. Lirik qaharman ashi’qli’q joli’nda azap shekse de, wog’an a’tir gu’llerdin’ tikeni mami’qtay seziledi, wol qosi’qti’ ti’n’lag’anda jasli’g’i’n sag’inadi, ju’regimdi bu’gin da’rt qapladi’ dep ayani’shli’ tu’rde wo’mirine bolg’an ko’z qarasi’n bildiredi. «…Wo’z

[23] Жаримбетов Қ XX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарыйхы. Нөкис , «Билим».2004,

woy-pikirin jetkeriwge forma tan’lawda B.Genjemuratov ta wo’zgelerge usamaytug’i’n usi’l bar. Shayi’r du’nyani’ barli’q mazmun masshtabi’ menen qabi’llawg’a umti’ladi’»[24]-dep duri’s baha bergen yedi Q. Worazi’mbetov.

Titani’k filimindegi ayti’lg’an qosi’qti’n’ inglisshe tekstinde de ashi’qlardi’n’ obrazi’ to’mendegishe beriledi:

Every night in my dreams
I see you, I feel you
That is how I know you go won
Far across the distance
And spaces between us.
You have come to show you go won[25].

Bul keltirilgen qatarlarda ha’r ku’n aqshamda ashi’q wo’z woyi’nda yari’na jetiwdi arzi’w qi’ladi’. Woni’n’ ko’z aldi’na wo’z su’yiklisinin’ suli’w kelbeti, suli’w ju’zleri bar. Wol woylaydi’ meni de sen woylap woti’rsan’, arami’z ali’s bolsa da, kewlimiz jaqi’n, Aspan a’lemi ta’nha qi’yali’mi’z benen tek yekewimizdiki, jalg’i’z sen ushi’n kewil yesiklerim ashi’lg’an degen taqilette bayanlaydi’.

Liriikali’q qaharman lirikali’q shi’g’armalarda keshirmeleri sa’wlelenip ati’rg’an insan, shayi’rdi’n’ uli’wma ja’miyet ushi’n

[24] Оразымбетов К сезимлер дүнясының есигин ашың (алғы сөз)// Генжемуратов Б Сайланды шығармалар. Нөкис. «Қарақалпақстан». 2012. 5-6 б

[25] ***Internet htth: //www amalgama-lab.com/songs/c/celine dion/my heart will go on htm /#ixzz2yfhL 14Mc5***

qi'mbatli' sezim ha'm pikirlerin tasi'wshi' «insan» dep keltirgen yedi ilimpaz İzzat Sultan. Shayi'r B.Genjemuratovti'n' muxabbat lirikasi' wo'zinin' ko'rkemliligi lirikali'q qaharmanni'n' sezimtalli'li'g'i', woyshan'li'li'g'i'n beriwdegi usi'llari'n sheber paydalani'wi' menen wo'zgeshelenedi. Asirese, lirikali'q qaharmanni'n' ishki seimlerin bayanlag'an ko'rkem qatarlar woqi'wshi'ni'n' ruwhi'y du'nyasi'na yeriksiz ta'sir yetedi.Muxabbat lirikasin do'retiwdin' wo'z ni'zamli'qlari' bar, wol qanshelli pinhami bolg'ani' menen qi'ppa taylaq jalan'ash so'zlerdi su'ymeydi. Kerisinshe bunday so'zler na'zik so'zlerdi toppaslap, woni' kereksiz, ha'tteki, jerkenishli mu'lkke aylandi'radi'…Ha'r bir shi'g'armasi'nda sezimlerin ji'lawlap, pikirler du'nyasi'n qi'psalap worap woni' ko'rkemlilik boyawlar menen boyap jetkeredi.Bul woni'n' poeziyasi'ni'n' jetiskenliginin' yer jetkenliginin' belgisi[26].

Juwmaqlap aytqanda, g'a'rezsizlik da'wirindegi poeziyada muhabbat lirikasi'n shayi'rlar ta'nha wo'zine tiyisli su'yinish-ku'yinish yamasa ashi'qli'q sezimlerin berip ati'rg'anday, wo'zinin' ju'rek to'rinde jati'rg'an pinhami' si'rlari'n ashi'p ati'rg'anday ko'rinedi[27].A'sirese, B.Genjemuratovti'n' muhabbat temasi'na arnalg'an lirikasi'nda lirikali'q qaharmanni'n' ju'regindegi usi'nday ku'ta' pinhami', soni'n' menen birge sag'i'ni'sh ha'm su'li'w muhabbat sezimlerin basqasha ko'rkem forma arqali' sheber bere

---

[26] Оразымбетов К сезимлер дүнясының есигин ашың (алғы сөз)// Генжемуратов Б Сайланды шығармалар. Нөкис. «Қарақалпақстан». 2012. 5-6 б

[27] Ахметов С, Есенов Ж, Жаримбетов Қ Әдебияттаныў атамаларының орысша – қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис,

Билим ,1994. 86-б

alg'an. Formasi' boyi'nsha muashshaq, mazmuni' boyi'nsha muhabbat lirikasi', shayi'rdi'n' wo'zine ta'n shayi'rli'q sheberligin mazmun teren'ligi ha'm forma suli'wli'g'i'n biriktire ali'w wo'zgesheligin bildiredi

Verlibr- «Verlibr-frantsuzsha so'z boli'p, bizin'she «Erkin qosi'q» (svovodni'y stix) degen ma'ni an'latadi'[28]

Verlibr-bunda intonaciya,logikali'q woy, medetativlik pikir wogada u'lken rol atqaradi'. Verlibr formasi'nda jazg'an qosi'qti'n' sa'tli shi'g'i'wi' shayi'rda ko'p izleniwinen g'a'rezli. Bi'raq, sonni' atap wo'tiwimiz kerek,ko'rkem so'z sheberinin' woylawi'ni'n' psixologiyali'q wo'zgesheligi keypiyati' bul qosi'q formasi'n do'retiwde u'lken rol atqaradi'. Bul da'wirdegi poeziyada yerkin qosi'q do'retkenler J.İzbasqanov, «Jalg'i'z yerkin' bilsin», «Sentyabrdin' son'i'», «Ko'rdim bu'gin» h.t.b qosi'qlari' verlibr formasi'nda do'retilgen. Shayi'rdi'n' «Jalg'i'z yerkin' bilsin», qosi'g'i'nda:

Jalg'i'z yerkin' bilsin,

Ba'ha'r, gu'z deyin…

Bi'raq ga'pim bul –shi'n.

U'mit u'zbeyin,

Men u'mit u'zbeyin

Sezim woti'nan,

Dilbardi'n' sizdeyin

28

Muhabbati'nan![29]

B.Genjemuratov yerkin qosi'q formasi'nda «O'mirdin' mazasi'», «Zer zebil jawi'nda adasqi'm keler» si'yaqli' qosi'qlari'n jazi'ldi'.

G'a'rezsizlik da'wirindegi poeziyada muhabbat lirikasi'ni'n' janrli'q wo'zgesheligi ayqi'n ko'zge taslanadi' Muhabbat temasi' lirikani'n' qosi'q, g'a'zzel, muashshaq verlibr, sonet janrlari'nda ko'rkem do'retilip kelmekte. Bu'gingi qaraqalpaq lirikasi'nda muhabbat haqqi'nda bir neshe jaqsi' qosi'qlar bar.Olardi'n' ha'r birinde lirik qa'harman individual boli'wi' menen uzaq yadta saqlanadi'. «Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiyati'ndag'i' yerkin qosi'qlardi' shayi'rlardi'n' ko'rkem izlenislerinin', wo'z ara a'debiy ta'sirinin' na'tiyjesi si'pati'nda qaraw mu'mkin.»[30] Usi' wori'nda, B.Genjemuratovti'n' «O'mirdin' mazasi'», «Zer zebil jawi'nda adasqi'm keler», do'retpelerinde muhabbat ma'selesi tiykarg'i' wori'ndi' iyeleydi. Do'retpe janrli'q jaqtan yerkin qosi'q formasi'nda jazi'lg'an, B.Genjemuratovti'n' muhabbat lirikasi' formali'q jaqtan ha'r tu'rli janrlarda do'retilgen. Biz maqalami'zda ashi'qli'q qosi'qlari'nan verlibr formasi'ndag'i' qosi'qlari'n analizge tartami'z.

G'a'rezsizlik da'wirindegi poeeziyada verlibrlik formada jazi'lg'an muhabbat qosi'qlari' ko'plep do'retildi. Shayi'r, B.Genjemratovti'n' «O'mirdin' mazasi'» atli' qosi'g'i'nda;

---

[29] Избасқанов Ж Муҳаббат лирасы Нөкис «Қарақалпақстан» 1992, 108-б.

[30] Оразымбетов Қ Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың еволютциясы ҳәм типологиясы Нөкис «Билим» 55, 60,

İshilgen sharapta mazali’,
jigit-jigitlik,
qi’z qi’zli’q taxti’nda…
Juwapsi’z xatlardi’n’ azabi’-
mazali’…
go’dek muhabbat waqti’nda.[31]

Keltirilgen mi’salda lirikali’q qahramanda keship ati’rg’an sezimlerdin’ ko’rkem ta’sirshen’ligi woqi’wshi’da wo’zgeshe woy payda yetedi.. Oqi’wshi’ni’n’ qi’yali’nda yendi tani’sqan qi’z-jigit yamasa, ashi’qlar obrazi’ sa’wlelenedi, wolardi’n’ pa’k muhabbati’, ashi’qlardi’n’ soqpag’i’na bag’darlani’p ati’rg’an koriniste beriledi.

Esimnen shi’qpaydi’ sol wo’jet ko’zler…
Qanday shi’yri’n yedi shapalaq jazasi’!
Jawlap alg’an shi’n’i’m da’slepki posa…
Nashardi’n’ iyisi mazali’.[32]

Muhabbat soqpag’i’nda barati’rg’an lirikali’q qaharman kewil keshirmelerin woqi’wshi’ni’n’ woy sezimine, ju’regine teren’ kirip bari’wi’na mu’mkinshilik berip tur.Ashi’qli’q sezimnin’ sharabi’n ishken qaharman woni’n’ barli’q azabi’na tayar halatta beriledi.Tu’rlishe sezim menen jasaw shayi’rlarg’a ta’n qa’siyet. Bul woqi’wshi’ni’n’ ju’regine kirip bari’wi’na sebep boladi’. Belgili wori’s ilimpazi’ Belinskiy aytqani’nday «qay jerde wo’mir bolsa, sol

---

[31] . Б Генжемуратов Сайланды шығармалар «Қарақалпақстан» баспасы,2012-ж 72,7

[32] Сонда-7

jerde poeziyada  boladi'»-demek turmi'sta bar bolg'an ashi'qlar obrazi' shayi'rlardi' qa'lem uslati'wg'a ma'jbu'rleydi. B.Genjemuratovti'n' poetikali'q izleniwshiligi veribr formasi'nda muhabbat qosi'qlari'n do'retiwge u'lken tu'rtki  boldi'.Oni'n' 2012-ji'li' «Saylandi' shi'g'armalar» toplami'na yengizilgen verlibr formasi'nda jazi'lg'an qosi'qlari'nda muhabbat temasi' basi'm bo'lekti iyeleydi. Usi' wori'nda a'debiyatshi' ali'm Q. Orazi'mbetov, «B.Genjemuratovti'n' shi'g'armalari' yerkin qosi'qqa meylinshe i'n'g'ayli'g'i' menen xarakterli.»[33] degen pikirdi aytqan yedi.

O'tken bir ku'nin'di qaytarmas waqi't,
Si'nar to'zim degen
Ishqi' no'serinde adasi'w baht,
Jalg'i'z wo'zin' menen!...[34]

Qosi'qtag'i' lirikali'q qaharmanni'n' ruwhiy halati' ta'biyatti'n' ha'diysesi jawi'n yaki no'ser so'zleri menen ko'rkem baylani'si'p keledi. Muhabbat sezimin jawi'p turg'an jawi'n pa'klep bizge  ina'm yetsin, Ba'ha'r pasli' jasari'w pasli', wol ashi'g'i'na ba'ha'r pasli'ni'n' gu'llengen, ko'klemlengen, waqti'n  tilep woti'r, bizin' baxi'tli' ku'nlerimiz takrarlanbaydi', wo'mir  bahi't kitabi'ni'n' betlerin  birim birim asha beredi.jawi'lg'an betler qayta ashi'lmaydi'. Tag'dir bizdi si'naydi'. Ishqi' sezimin no'serge ten'ep, ashi'qlardi'n' bir birine bolg'an su'yiwshilik seziminde quwani'shli' qayg'i'li'

---

[33] Оразымбетов Қ Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың еволютциясы ҳәм типологиясы Нөкис «Билим» 55, 60,

[34] Б Генжемуратовтың «Өмирдиң мазасы», «Зер зебил  жаўында адасқым келер»

waqi'yalar ju'z beredi, muhabbat azabi'na ko'ngim keledi, tek su'yiklim wo'zin' menen degen juwmaqti' shi'g'aradi'.

Juwmaqlap aytqanda B.Genjemuratovti'n' verlibr formasi'ndag'i' muhabbat qosi'qlari' woqi'wshi'ni' teren' woylawg'a, kewil ko'zi menen ko'riwge ju'rek ha'miri menen seziwge u'ndeydi.

Qaraqalpaq a'debiyatinda muhabbat qosi'klari'n su'yip jazg'an shayi'r X.Da'wletnazarov verlibr formasi'nda da jaqsi' qosi'qlar jazdi'. Shayi'rdi'n' «Ashi'q bolmag'an kim bar» toplami'na yengizilgen muhabbat lirikasi' usi' janrdi'n' yen' jaqsi' ko'rinisi yesaplanadi'. Oni'n' «Sen i'g'i'p barasan' ko'z jaslari'mda» atamasi'ndag'i' qosi'g'i'nda;

Sen quyashi' yedin' menin' du'nyamni'n',
Bir dem jaki'nlasti'n',
Sonday laplatti'n'…
Sen ketip jer suwi'p, jer gewgim tartti'.
Tan'i'm,

Sen i'g'i'p barasan' ko'zjaslari'mda,
Ol sheksiz,ol teren',
bolmaydi' boylap,
Ha'zir sa'l mun'li'law ko'ringin' keler,
Son' basqa jerlerde ku'lersen'-oynap. [35]

X.Da'wletnazarov muhabbat lirikasi'n bu'gingi ku'nnin' yen

[35] Дәўлетназаров Х Ашық болмаған ким бар. Нөкис, 1991, 47-б

a'hmiyetli ma'selelerinen yesaplanatug'i'n a'dep –ikramli'li'q, moralli'q mashqalalar menen baylani'sti'radi'. Do'retiwshiliginde talantli' shayi'r wo'mirden ali'ng'an turmi'sli'q ha'diyselerdi sa'wlelendiriwge ha'reket yetedi. Buni', shayi'rdi'n' basqalarg'a usamaytug'i'n ta'repi dep qarawg'a boladi'.

Sonet – won to'rt qa'tardan ibaratqosi'q formasi'. Ol yeki to'rtlik, yeki u'shlikten yamasa u'sh to'rtlik, bir yekilikten turadi', qa'tan' uyqas formasi'na iye.[36]

Bul janrda qa'lem terbetkenler İ.Yusupov ha'm B Genjemuratov boldi'.

Gu'l woyandi' quyash kirpigin su'yip,
Eski da'rtlerimdi terbep qaytadan,
Qalay men bul jurtqa ashi'p aytaman,
Muhabbat bar jerde aqi'yri' ku'yik…

Shi'g'i'stan bati'sqaadasqan kiyik,
U'rkip ba'der ketti.Dumanda joytaman…
«Jasi'l ko'zli perim,sho'lge qayt aman…»
Men su'rniktim si'rttan atqan woq tiyip…

Ma'y toli' qadaqti'n' qani' tamshi'lar,
Jazi'lmag'an appaq qag'az qa'lbine
Sensiz wo'tken ku'nler-jayai'z an'shi'lar…
Meni quwi'p kelerkimdur ma'n'gige…
Ishqi' ja'lladlari' ruwhi'mdi' qamshi'lar-

[36] Оразымбетов Қ Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың еволютциясы ҳәм типологиясы Нөкис «Билим» 45-б

Shashlari'n' shi'rmalar gu'mis za'n'gige…[37]

G'a'rezsizlik da'wirinde do'retiwshilik qi'lg'an shayi'rlar a'debiyatti'n' lirika janri'n ko'p izleniwshiligi menen rawajlandi'ri'p kelmekte. İzertlew bari'si'nda muhabbat temasi'ni'n' ha'r tu'rli janrda jazi'lg'anli'g'i'ni'n' gu'wasi' boldi'q bull qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' jedel rawajlani'p kiyati'rg'anli'g'i'nan derek beredi.

[37] Генжемуратов Б Жасыл ушқынлар (сонетлер) Қарақалпақ әдебияты №3 март

## III Ha’zirgi da’wiri qaraqalpaq poeziyasi’nda muhabbat lirikasi’nda qaharman obrazi’n jasawdi’n’ wo’zgesheligi.

### III .1.Muhabbat lirikasi’ndag’i’ qaharman obrazi’n izertlewdin’ ilimiy teoriyali’q ma’seleleri.

Ko’rkem a’debiyatti’n’ basli’ ma’selesi ha’m basli’ wazi’ypasi’ bul ra’n’ba’ra’n’ obrazlar jarati’w. Shayi’rdi’n’ a’debiy teoriyali’qm bilimleri, janr tan’law uqi’bi’, ko’rkem metodi’ basshi’li’qqa ali’ni’wi’, stillik sheberligi, ko’rkemlew qurallari’n paydalani’w usi’llari’- bulardi’n’ ha’mmesi ko’rkem obrazlar jarati’w ushi’n xi’zmet yetedi.

Obraz degenimiz-bul adamlardi’n’ si’n-si’mbati’ woyi’, minez qulqi’, xarakteri a’detleri, bir-birinen aji’rali’p turatug’i’n si’patli’ belgiler.[38] Obrazli’ so’z obrazli’ pikir poeziyani’n’ jani’. Bul bolmasa, ha’r qanday qosi’qti’n’ wo’zi de adamg’a ta’sir jasay almaydi’ .Ori’s a’debiyatshi’ ilimpazi’ V.G.Belinskiy ko’rkem obrazdi’ «su’wretli so’z »dep ataydi’ miynetlerinde.

Lirikali’q qaharman wobektiv ha’m subektiv yelementtin’ birliginen ibarat boli’p, woni’n’ obrazi’nda da’wirdin’, xali’qti’n’, ruwhi’ ha’m shayi’rdi’n’ ruwxiy du’nyasi’ni’n’ bayli’g’i’,o’zgesheligi bir birinen aji’ralmas tu’rde ja’mlengen boladi’.[39]

Biz so’z yetip woti’rg’an g’a’rezrezsizlik da’wirinde qa’lem terbetken shayi’rlardi’n’ muhabbat lirikasi’nda qaharman obrazlari’ni’n’ ra’n’be-ra’n’ligi ko’zge taslanadi’.

---

[38] Мәмбетов К Әдебият теориясы Нөкис, 1995, 58-б

[39] Худайбергенов К Дәўир ҳәм парыз. Нөкис,1987, 42-б

G’a’rezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq poeziyasi’nda qaharman obrazlari’ da’wir na’pesin muhabbat sezimin beriwde shayi’rlari’mi’zda qanday jetiskenlik ha’m ko’rkemlik izlenislerdi payda yetpekte? Buni’ ayi’ri’m muhabbat lirikasi’ mi’sali’nda ko’rip shi’g’i’p, ko’rkem ilimiy analiz jasawg’a ha’reket yetemiz.

Lirikali’q obraz-shi’g’armadag’i’ lirikali’q qaharmanni’n’ ishki sezimlerinin’, kewil keypinin’ ruwhi’y keshirmelerinin’ sa’wleleniwi, beriliwi arqali’ jarati’ladi’. Lirikali’q obrazg’a lirikani’n’ basli’ qa’siyetleri sin’dirilgen boladi’.[40] Ha’r bir shayi’rdi’n’ poeziyasi’n woqi’g’ani’mi’zda wonda lirikali’q qaharmanni’n’ ruwxi’y halati’n ko’z aldi’mi’zg’a yelesletemiz yaki woni’n’ sezimlerin ju’regimiz benen sezinemiz. Muhabbat lirikasi’n woqi’g’ani’mi’zda ko’pshilik jag’dayda lirikali’q qahramanni’n’ keshirmelerinde woqi’wshi’ wo’zinin’ kelbetin ko’redi sebebi muhabbat lirikasi’ basqa mazmundag’i’ lirikalardan pu’tkilley ayi’rmashi’li’qqa iye soni’n’ ushi’n muhabbat mazmuni’ndag’i’ qosi’qlar woqi’wshi’g’a tez ta’sir yetedi. G’a’rezsizlik da’wirindegi jazi’lg’an muhabbat lirikasi’nda shayi’rlar di’qqat itibardi’ wo’z kewline qaratqanli’g’i’ menen aldi’ng’i’da’wirdegi poezyadan wo’zgeshelenip ko’zge taslanadi’. Olardi’n’ qosi’qlari’nda insanni’n’ ishki keshirmeleri aldi’ng’i’ wori’nda turadi’. «…A’lbette, lirikali’q qaxarman obrazi’ yepikali’q, dramali’q pari’qlani’p wonda shayi’rdi’n’ «meni» arqali’ payda boli’p ati’rg’an obrazlar uli’wmalasqanli’g’i’ menen de, individuallasqanli’g’i’ menen de ko’zge tu’sedi.Soni’n’ ushi’n da belgili a’debiyatshi’lar lirikali’q qa’hraman tipligine ayri’qsha

[40] Жаримбетов Қ Әдебияттаныўдан сабақлық, Нөкис 2012,21-б

di'qqa't qaratadi'.»[41] Sol menen birge woni'n' qa'siyetlerin insani'yli'q tuyg'i'lar tek wo'zine mas temparamenttin' ha'm basqa belgileri ta'repinde lirikada u'lken menen a'hmiyetke iye. Lirikada (Sol tiykarda muhabbat lirikasi'nda) a'debiy qaharmanni'n' milley qa'siyetlerin su'wretlewinin' wo'ziayri'qsha bir sheberlik talap qi'ladi'.[42] Lirikali'q qaharman lirikali'q shi'g'armada keshirmeleri sa'wlelenip ati'rg'an insan, shayi'rdi'n' uli'wma ja'miyet ushi'n qi'mbatli' sezim ha'm pikirlerin taswshi' «insan»[43] dep jazg'an yedi ilimpaz İzzat Sultan. Muhabbat lirikasi'nda qaharman obrazi'n shayi'rlar ha'r qi'yli' usi'llarda jaratadi' wo'mirde muhabbattan ulli' na'rse joq dep ta'riyplese bazi' bir qaharmanlar tilinen du'nyada muhabbatti'n' azabi'nday azap joq dep bayanlaydi'. Qullasi' muhabbat lirikasi'n woqi'g'an woqi'wshi' tu'rlishe bolg'an lirikali'q qaharmanlar menen sa'yabette boladi' bazi'lari' muhabbattan la'zzetlense bazi'lari' lirikali'q qaharman menen muhabbat azabi'n birge tati'p ko'redi lirika barli'q woqi'wshi'g'a birdey ta'sir yetpeydi ha'r bir woqi'wshi' woni' z talg'ami'na qaray bahalap wo'zine azi'q aladi' sol ushi'n ilimiy teoriyali'q ta'repten ilimpazlar da birdey pikir ayta almaydi' bulardi'n' barli'g'i'n woki'wshi'ni'n' du'nya tani'mi', talg'ami' bahalap bere aladi' solay yeken muhabbat lirikasi' go'nermeytug'i'n janr boli'p qala beredi. Oni' keleshekte jas a'wlad ilimiy ta'repten qarap shi'qqanda da ilimiy teoriyasi' yeskirmey qala beredi.

---

41 Гончаров Б.П Поэтика Майаковиского Лирический герой… М, «Наука»,1983, с-11
42 Худайбергенов К Лирика ҳәм өмир, Нөкис «Қарақалпақстан», 1971, 61-б
43 Султанов И, Адабиет назарияси, Тошкент, «Ўқитувчи»,1980, 252-б.

## III. 2. Ha’zirgi da’wiri qaraqalpaq poeziyasi’nda muhabbat lirikasi’nda qaharman obrazi’ni’n’ ra’n’be-ra’n’ligi.

G’a’rezsizlik da’wirinde qaraqalpaq a’debiyati’nda poeziya janri’ wo’zinin’ rawajlani’w joli’n basi’p wo’tpekte. Bul da’wirde buri’ng’i’ bag’darg’a usamaytug’i’n ideeli’q-tematikali’q, janrli’q-stillik ha’m ko’rkemlik izlenislerdin’ na’tiyjesi si’pati’nda qunli’ shi’g’armalar jari’qqa shi’qti’. G’a’rezsizlik da’wirindegi poeziyada muhabbat lirikasi’n su’yip ji’rlag’an shayi’rlar qatari’nda İ.Yusupovti’n’ worni’ girewli. Oni’n’ bul temadag’i’ do’retiwshiliginde qaharman obrazi’n jarati’w sheberligi stillik ta’repten ayri’qsha di’qqatti’ tartadi’. Ulli’ filosoflardi’n’ biri F.Erix wo’zinin’ «İnsan jani’» shi’g’armasi’nda insan kewlindegi muhabbat sezimine u’lken di’qqat qaratadi’. Muhabbatti’ bir neshe toparlarg’a aji’ratadi’: ata-anani’n’ perzentke bolg’an muhabbati’, yer ha’m hayaldi’n’ bir birine bolg’an muhabbati’, bendesinin’ Allag’a bolg’an muhabbati’ h.t.b.

Biz so’z yetip woti’rg’an İ.Yusupovti’n’ poeziyasi’nda yer ha’m hayal arasi’ndag’i’ bir birine bolg’an pa’k muhabbat sezimleri lirikali’q qaharman obrazi’ni’n’ jasali’wi’ndag’i’ wo’zgesheligi di’qqatti’ wo’zine tartadi’.

Muhabbat temasi’n su’yip ji’rlag’an lirik shayi’r İ.Yusupov u’lkemizdin’ tek kitap woqi’wshi’lari’na yemes, al soni’n’ menen birge ken’ qatlam qosi’q shaydalari’na da jaqi’nnan tani’s. [1.16]

Haqi’yqati’nda da İ.Yusupov lirikali’q qaharmandi’ muhabbat joli’nda biyik shi’n’g’a ali’p shi’g’adi’. Oni’n’ lirikali’q qaharmani’

sa'wer yari'n ha'mmeden zi'yat ko'redi, ha'tte, suli'wli'qti' yari'nan basqa hesh kimnen de izlemeydi.

Ashi'qli'qti'n' wo'z joli' bar,
Su'ymegenge sa'lem joqdur,
Suli'wli'qta senin' menen,
Ba's baylasar sa'nem joqdur.

Biyrehim jarati'p seni,
Zari' giryan yetip meni,
Suli'wli'q degen ba'leni,
Sag'an bergenin aytsan'a. [2.109]

Bul qatarlarda muhabbati'n' wo'z joli'nda ashi'qti' (lirikali'q qaharmandi') tilge kiritedi. Ha'r kimnin' su'yiklisi wo'zine ayday ko'rinetug'i'ni'n, wog'an hesh kimdi sali'sti'ri'p bolmaytug'i'ni'n shayi'r qaharmani' tilinen sheber su'wretley alg'an. Muhabbat aldi'nda barli'q insan bas iyedi. Bul sezim patshani' da, gedeydi de tan'lap woti'rmaydi'. Birdey sezimlerdi bag'i'shlaydi'. Olardi' ashi'qli'q woti'nda wo'rteydi.

Shayi'r İ.Yusupovti'n' lirikali'q qaharmanlari' da geyde tolqi'nlani'p turg'an da'ryaday tassa, geyde gu'z ta'biyati'ni'n' ayani'shli' kelbetine yenedi. Oni'n' qosi'qlari'ndag'i' qaharman obrazi' ko'binese muhabbatqa an'satli'q penen yerispeydi.

Ashi'q baqpas wo'z hali'na,
Qanat baylar qi'yali'na,
Mashaqatsi'z vi'sali'n'a,
Jetsem degen da'mem joqdur. [2.108]

Ashi’q adam yari’ ushi’n mashaqattan qashpaydi’, ha’tte qi’yaldi’n’ ag’i’mi’nda da an’satli’q penen su’yiklisine jetkisi kelmeydi. Lirikali’q qaharman an’satli’q penen mashi’g’i’na jetip woni’n’ bahasi’n tu’sirgisi kelmeydi. O’zin shiyrin sezim woti’na salg’andi’ ra’wa ko’redi. Muhabbati’n’ tatli’ sezimleri wotli’ azap penen bolatug’i’nli’g’i’n woqi’wshi’g’a tu’sindirmekshi boladi’.

U’mit, mehir, isenim ha’m sag’i’ni’sh muhabbat sezimlerinin’ u’stini si’yaqli’, barli’q lirikali’q qosi’qlarda qaharmanlardi’n’ usi’lar a’tirapi’nda ah shegip ju’rgenin ko’remiz. Ma’selen, g’a’rezsizlik da’wirinde qaraqalpaq a’debiyati’nda wo’zinin’ shayi’rli’q joli’na iye M.Jumanazarova «Ali’p ket meni» qosi’g’i’nda lirikali’q qaharman wo’z ashi’g’i’nan ko’p u’mitlerdi ku’tedi, woni’n’ ali’p ketiwine isenim menen qaraydi’.

Ten’seldirip tawday to’zimdi,  
Talqan yette ali’p ket meni,  
O’zin’e qaytari’p wo’zin’di,  
Hayran yette ali’p ket meni.[3.56]

Keltirilgen qatarlarda ashi’q qaharman sabi’rli’, to’zimli insan obrazi’n beredi. Bunda qi’yi’n soqpaqlardi’ gu’zar jolg’a aylandi’ri’p yari’ni’n’ ali’p ketiwine u’lken isenim menen qaraydi’, u’mit yetedi. Ali’p ketken ku’n umi’ti’lmas bir ka’ramatli’ ku’ndey yeste qali’wi’na lirikali’q qaharman jan- ta’ni menen beriledi.

Al, İ.Yusupovti’n’ bul da’wirlerde jazi’lg’an «Tallar japi’raq to’kti uri’qlar quwrap» atamsi’ndag’i’ qosi’g’i’nda lirikali’q qaharmanni’n’ sezimleri wo’zgeshe beriledi.

Quwraq qami’s i’zi’n’laydi’ namag’a,
Erten’ bir ku’n suwi’q tu’siwi mu’mkin,
Ko’pten ji’li’mag’an mu’sa’pirxanama,
Sen ji’li’w a’kelgen ku’n yedi bul ku’n.

Qosi’qta ko’rgenimizdey, lirikali’q qaharmanni’n’ woy-sezimleri mun’li’, yari’ni’n’ tan’balap ketkendey umi’ti’lmas sol bir ku’nlerdi sag’i’nadi’. Lirikali’q qaharmanni’n’ ju’regi ne ushi’n jaralang’an? Bul wori’nda shayi’rdi’n’ stillik wo’zgesheligi ayqi’nlanadi’.

Muhabbat qosi’qlari’nda lirikali’q qaharmandi’ adamg’a ta’n hasi’l qa’siyet bolg’an shi’n kewilden su’yiw sezimleri biyleydi.[4.41] O’z yari’nan ayri’lg’an ashi’q obrazi’ qosi’qta wo’z mun’i’n da’slepki qatarlarda-aq sa’wlelendirgen. «Erten’ bir ku’n suwi’q tu’siwi mu’mkin» degen qatari’nda su’ygenin jog’altqan insan qon’i’r gu’zdin’ ayani’shli’ kelbetine parallel qoyi’ladi’. Son’g’i’ qatarlarda lirikali’q qaharman tikkeley wo’zinin’ ju’regine qarata bag’darlanadi’ da, tula boyi’n iyelegen sag’i’ni’sh, lawlag’an jali’n, yari’nant ayri’lg’annan son’ wo’mirden mazmun tappag’i’ni’n bayanlaydi’. Kewlinin’ si’r sandi’g’i’nda jati’rg’an kalendari’na qarap su’yiklisin ko’rgen ku’nin ha’m tani’sqan da’mlerin yesleydi. Shayi’r qosi’g’i’nda qaharman obrazi’ woyshan’, mun’li’ ko’rinisin tapqan. Lirikali’q qaharman teren’ woyg’a shu’mip, bul du’nyag’a qayti’p kelmeytug’i’n yari’n an’sap, sag’i’ni’p jasaytug’i’n insan si’pati’nda sa’wlelengen.

Juwmaqlap aytqanda, g’a’rezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq poeziyasi’nda muhabbat lirikasi’ basi’m wori’ndi’ iyeleydi. Bul temada jazi’lg’an İ.Yusupovti’n’ do’retpeleri wo’z quni’na, wo’z

bahasi’na, i’qlasbentine iye boldi’. Oni’n’ stillik izlenisi lirikali’q qaharmandi’ tu’rli planlarda su’wretlewge imkan jaratti’. Qaharmani’ geyde ashi’g’i’n su’yip ta’riyplese, geyde mun’li’, wo’mirden yari’n joytqan halatta beriledi. Bunda shayi’rdi’n’ ko’rkem so’z sheberi si’pati’ndag’i’ stillik jetiskenligi bul temada da wo’zinin’ na’tiyjesin ko’rsete alg’an.

G’a’rezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq lirikasi’nda muhabbat temasi’ bir-birin ta’kirarlamaytug’i’n, woriginal jan’alandi’. Bul da’wirde talantli’ shayi’rlari’mi’zdi’n’ i’shqi’-sezimge bolg’an qatnasi’ wo’zgeshe tu’rde ko’rine basladi’. Ma’selen, lirikani’n’ yen’ kishi jani’rlari’nda da teren’ poetikali’q mazmundi’ ja’mlegen muhabbat qosi’qlari’ a’debiyatta wo’z ko’rinisin tapqan. Biz bul maqalada shayi’r P.Mi’rzabaevani’n’ muhabbat lirikasi’ni’n’ wo’gesheligi haqqi’ndag’i’ woylari’mi’z benen wortaqlasi’wdi’ maqul ko’rdik.

P.Mi’rzabaevani’n’ lirikasi’ haqqi’nda so’z ju’ritkenimizde, woni’n’ qosi’qlari’ni’n’ basi’m bo’legin muhabbat temasi’ quraytug’i’ni’ni’n’ gu’wasi’ bolami’z. Sol tiykarda, P.Mi’rzabaevani’n’ lirikasi’nda wo’z uli’na bolg’an su’yiwshilik sezimi, ashi’q yari’na, ha’tte, Allag’a bolg’an pinhami’ sezimi de wo’z ko’rinislerin tapqan. Oni’n’ balasi’na su’yiwshilik sezimi «Uli’ma» dep atalg’an qosi’g’i’nda jaqsi’ su’wretlengen. O’mirde ashi’g’i’n sag’i’ng’an yar obrazi’ shayi’rdi’n’ ashi’qli’q qosi’qlari’nda berilgen. Avtordi’n’ Allani’n’ jamali’na ashi’qli’q sezimlerin bildiriwshi qosi’qlari’nda lirikali’q qaharman wo’zinin’ woyshan’li’g’i’, ta’shwishli si’pati’ menen aji’rali’p turadi’. Shayi’r, P.Mi’rzabaeva ruwhi’y du’nyasi’n la’rzege salg’an bir ha’diyse payda bolg’anda, kitap woqi’wshi’ga bir a’hmiyetli pikir ayti’w za’ru’rligi tuwi’lg’anda g’ana qoli’na qa’lem aladi’. Kewil a’rmanlari’n

wo’kinishlerin qag’az betlerine mo’hirleydi. Bul shi’ni’nda talant iyesine ta’n paziylet.[44]Oni’n’ qosi’qlari’nda jigerli jasli’q, mo’ldir muhabbat, joqari’ adamgershilik pa’ziylet, haqi’yqatshi’lli’q ha’m gu’resshen’lik ko’rinip turadi’. Shayi’rdi’n’ lirikali’q qaharmani’ xali’qti’n’ da’rti, du’nya ta’shwishleri, menen jani’p jasawdi’ qa’leydi.Ol ju’rek tolg’ani’slari’n, na’zik hayal sezimlerinu’lken shayi’rli’q yosh penen nag’i’slay bilgen do’retiwshi si’pati’nda woqi’wshi’ni’n’ su’yiwshiligine miyasar boladi’.

Shayi’rdi’n’ lirikasi’nda Watan, tuwi’lg’an jer, muhabbat,aqi’l-na’siyat temalari’n jiyi-jiyi ushi’ratami’z.Sonday-aq folklor menen qaraqalpaq klassik a’debiyati’ndag’i’ tiykarg’i’ janrlardi’n’ biri bolg’an arnaw qosi’qlari’n da ko’riwge boladi’.

Bu’gingi ku’ni qaraqalpaq a’debiyati’nda P.Mi’rzabaevani’n’ muhabbat lirikasi’ ko’rkemlilik ha’m formali’q jaqtan bir qansha wo’zgesheligi menen aji’rali’p turadi’. Muhabbat temasi’ shayi’r poeziyasi’nda wo’zinin’ ran’be-ra’n’ligi, a’lwan tu’rge do’niwshiligi, teren’ woyli’li’q si’patlarg’a bo’liniwshiligi menenoqi’wshi’ni’n’ di’qqati’na miyassar boladi’.Bul tema shayi’rdi’n’ to’rt qatarli’ qosi’qlari’nda da, g’a’zzellerinde de, tiykarg’i’ wori’ndi’ iyeleydi.

Janrli’q qa’siyetleri boyi’nsha muhabbat qosi’qlari’ lirikali’q qaharmanni’n’ ju’rek to’rindegi pinhami’ sezimlerdi, sonday-aq perzentine, tuwg’an jerine, watani’na degen su’yiwshilik sezimlerin sheber beriw menen wo’zgeshelenip turadi’.

P.Mi’rzabaeva wo’zinin’ teren’ mazmunli’ ha’m ko’rkem quni’ joqari’ lirikali’q do’retpeleri menen g’a’rezsizlik da’wirindegi poeziyami’zdi’n’ rawajlani’wi’na yelewli u’les qospaqta. Shayi’rlar

---

[44] Қурамбаев К Өз сөзи, өз ҳаўазына ийе шайыр. // «Қарақалпақ әдебияты» 2013, январь

qoli’na qa’lem ali’p, aq qag’azg’a marjan so’zlerdi dizip, sezimlerin si’zadi’, P.Mi’rzabaeva qosi’qlari’n woqi’g’anda muhabbat temasi’ ko’klerge ko’terilgenin an’laysan’. P.Mi’rzabaevani’n’ lirikali’q qaharmani’ du’nyadag’i’ ba’rshe qubi’li’s ha’m ha’diyselerden ta’sirshen’ligi, woyshan’li’g’i’ sebepli woqi’wshi’ni’n’ ju’regin la’rzege sali’wg’a imkaniyati’ni’n’ joqari’li’g’i’ menen aji’raladi’. Shayi’rdi’n’ muhabbat qosi’qlari’ avtordi’n’ kewlinen shi’qqash ishki sezimlerdi, tuyg’i’lardi’, isenimli sabi’rli’ tu’rde bere biliwi haqi’yqatshi’lli’q si’patlari’ni’n’ basi’mli’g’i’ menen woqi’wshi’larda ayri’qsha ta’sir qaldi’radi’. Muhabbat quwani’shlari’ da, qayg’i’lari’ da boyawlar menen sa’wlelenedi. Sonli’qtan da woni’n’ lirikasi’ni’n’ woriginal pafosi’ woqi’wshi’ni’ biypari’q qaldi’rmaydi’.Geyde wol ashi’qlardi’n’ ju’regine qayg’i’li’ ha’siretlerdi yegip ketedi. Ayrali’q azabi’na shi’damag’an lirikali’q qaharman bul du’nyani’n’ wo’tkinshi ha’diyselerinen tu’n’ilmeydi, kerisinshe wonda wo’mirge bolg’an gu’resshen’lik halati’ su’wretlenedi.

Qiyanet qanjari’ jani’mdi’ tildi,
Sonda da wo’zin’nen beze almadi’m,
Qa’lbimde sen ushi’n saqlag’an gu’ldi,
O’zgege hesh inam yete almadi’m.

(« Qiyanet hanjari’»)

İnsan wo’mirde bir adamg’a ashi’q boladi’, Eger, su’ygen ju’rekke qiyanet qanjari’ tiyse de, wol ashi’g’i’nan beze almaydi’. Oni’ hesh kimge bermeydi, wo’z muhabbati’na sadi’q, ashi’q yari’na wopali’ lirikali’q qaharman ibrat alarli’q subektke aylanadi’. Shayi’r qosi’qlari’ woqi’wshi’ni’n’ yadi’nda birden saqlani’p qaladi’.O’ytkeni wolar lirik qaharman tilinen ju’da’ ko’rkem berilgen. Bul shayi’rdi’n’

sheberligi.Oni'n' lirikasi'na shoq jen'il woylar yemes al, teren' filosofiyali'q si'patqa iye pikirler uyalag'an.

P.Mi'rzabaevani'n' do'retiwshiliginde hayal-qi'zlar temasi' wo'zine ta'n wo'zgeshelikke iye. Hayal- qi'zlardi'n' tag'dir soqpaqlari', wo'mir joli'ndag'i' na'zik halatlar, woyshan' qatarlarda teren' obrazli' tu'rde su'wretlengen. A'debiyatshi' ali'm Q.Ja'rimbetovti'n' M.Jumanazarovani'n' to'mendegi qosi'q qatarlari'na bildirgen pikirleri di'qqatqa i'layi'q.

Jani'm nege bunsha keshiktin'
Ashalmayman sag'an yesikti.
Hijran mag'an nesip yetipti,
O muhabbat, muhabbat.

Qosi'kta lirikali'q qaharmanni'n' (hayal adamni'n') ju'rek da'rti keshikken muhabbat motivi arqali' beriledi. Ol ba'lkim turmi's qurg'an, perzentleri de bar shi'g'ar. Muhabbat adamg'a bir keletug'i'n baxi't Lirikali'q qaharman yeki wotti'n' wortasi'nda qaladi', buri'ng'i' shan'araqti' buzbay, wonda qali'w kerek yamasa wo'mirde kelgen baxi't muhabbatti' tan'law kerek. Evropa shayi'rlari' yekinshi joldi' tan'laydi', bi'raq qaraqalpaq shayrasi'ni'n' lirikali'q qaxarmani' wo'z muhabbati'n qansha an'sasa da, woni'n' jetegine yerip ketpeydi…»[45] . P.Mi'rzabaevani'n' lirikasi'ni'n' bag'i'ti' wo'zgeshe tu'ste beriledi. Sol ushi'n woni'n' janrli'q-stillik wo'zgesheligi ko'pshilik shayi'rlardan aji'rali'p turadi'.

Muhabbat temasi'na arnalg'an qosi'qlar, woni'n' qa'liplesiw protsesi haqqi'nda ko'pshilik ali'mlar ta'repinnen teoriyali'q pikirler ayti'lg'an. Al, qaraqalpaq a'debiyati'nda muhabbat lirikasi'ni'n'

---

[45] Жәримбетов Қ, Отлы журектен отлы сөз // «Қарақалпақ әдебияты» 2011, ноябрь-декабрь.

da’slepki a’jayi’p ko’rinisleri xali’q awi’zeki do’retpelerinde, XIX asir A’jiniyaz do’retiwshiliginde ushi’rasadi’. Sonday-aq keyingi da’wirlerde İ.Yusupov T.Jumamuratov, T.Ma’tmuratov, J.İzbasxanov, X.Da’wletnazarov, S.İbragimov, Sh.Ayapov, B.Genjemuratov h.t.b shayi’rlar do’retiwshiliginde wo’z sa’wleleniwin tapti’. P.Mi’rzabaevani’n’ «Qa’demlerin’di» atamasi’ndag’i’ qosi’g’i’nda lirikali’q qaharman su’yiklisi wo’zgenin’ jani’nda bolsa da, wog’an bolg’an sezimi hesh qashan so’nbeytug’i’ni’n aytadi’.

Ju’rek tarlari’n’di’ shertse a’lle kim,
Qi’zg’ani’sh woti’nda pu’tkil wo’rtendim.
Sen mag’an jubani’sh, mun’li’ yertegim,
Sag’i’ni’p ku’temen qa’demlerin’di.

(«Qa’demlerin’di»)

Qosi’qta ko’ringenindey lirikali’q qaharman tilinen wo’zinin’ su’ygenin sag’i’ni’p woni’n’ menen birge du’nyani’n’,o’mirdin’ qi’zi’g’i’n bir wo’zi ko’rgisi keledi. Ha’rkimnin’ yari’ ta’nha wo’z ju’reginin’ iyesi boli’wi’n an’saydi’. Degen menen, qosi’qti’n’ da’slepki qatarlari’nda su’ygeninin’ wo’zgege qi’ya bag’i’p ketken ko’rinisi beriledi. Ju’rek tarlari’ni’n’ namasi’ wo’zge birew ta’repinen shertilip ati’rg’anli’g’i’ al, sol ko’rinis lirikali’q qaharmandag’i’ qi’zg’ani’sh belgisin «otta ku’yip wo’rtenip ati’rman», dep keltiredi shayi’r bul qosi’g’i’nda antitezali’q usi’ldi’ «mun’li’ yertegim» siyaqli’ qi’yi’nnan qi’yi’sti’ri’lg’an so’zlerdi sheber qollang’an.

Shayi’r qosi’qti’n’ keyingi qatarlari’nda:

Ku’nlerdin’ inami’ si’yi’dur hijran,
Sag’i’ni’sh woti’nda wo’rtenedi jan,
Ku’tpektemen atsa deyip nurli’ tan’,

O’zgeniki  bolg’an qa’demlerin’di.

(«Qa’demlerin’di.»)

Ko’rinip turg’ani’nday,lirikali’q qaharman, wo’zinin’ keshirimliligi, ken’peyilliligi, menen aji’rali’p turatug’i’n subekt si’pati’nda woqi’wshi’ni’n’ ko’z aldi’nda yeleslep turadi’.

P.Mi’rzabaevani’n’ muhabbat lirikasi’ni’n’ wo’zgesheligi sonnan ibarat woni’n’ lirikali’q qaharmani’ ha’miyshe muhabbati’na sadi’qli’g’i’,o’z ju’reginin’ ha’mirine ba’rha’ma qulaq sali’wi’, kewil ko’zi menen ko’riwi menen aji’rali’p turadi’. Bul na’rseni shayi’rdi’n’ «Aspan da’rtin aqtari’p…» qosi’g’i’ndag’i’ to’mendegi qatarlarda da’lilleydi:

Bultli’ aspan kibi men de,
Da’rtlerimdi giznedim.
En’ baxi’tli’ demlerimdi
Erteklerden izledim.

(«Aspan da’rtin aqtari’p…»)

Demek, lirikali’q qaharman wo’zinin’ woyshan’li’g’i’, intellektuwalli’q da’rejesinin’ joqari’li’g’i’ keleshekke degen iseniminin’ ku’shliligi menen aji’rali’p turadi’.

Qosi’qqa itibar bergen woqi’wshi’ ken’ aspanni’n’ da da’rti bolatug’i’nli’g’i’n, ha’r bir tan’ nurli’ quyash penen jadi’rap ata bermeytug’i’nli’g’i’n wo’tip ati’rg’an ku’nler ba’rha’ bir taqi’lette tegis yemes, woyli’-shuqi’r bolatug’i’nli’g’i’n an’laydi’. Bul na’rse shayi’rdi’n’ lirikasi’ndag’i’ filosofiyali’q teren’likti ku’sheytip, woni’n’ woqi’wshi’g’a degen ta’sir ku’shinin’ arti’wi’na xi’zmet yetedi.

İnsanni’n’ wo’tkinshi bahi’tli’ demleri qosi’qta,«Mun’li’ yertekler» so’zleri arqali’ berilse, lirikali’q qaharmanni’n’ quwani’shli’ ku’nleri murat-maqsetine jetken ashi’qlardi’n’ halati’na parallel qoyi’p

su’wretlengen. Bul na’rse qosi’qti’n’ sheberlik da’rejesi’n artti’rg’an Demek, shayi’rdi’n’ qosi’qlari’ndag’i’ lirikali’q qaharmanni’n’ wo’zinin’ yen’ baxi’tli’ demlerin yerteklerdegi ma’writlerge ten’ewinde u’lken ma’ni jasi’ri’ng’an.

Shi’ni’nda da, P.Mi’rzabaevani’n’ poeziyasi’nda lirikali’q qaharman kewli jaqi’n biraq ali’sta qalg’an su’yiklisin sag’i’ni’p,ol tuwrali’ qayg’i’ g’amg’a beriledi.Sonli’qtan da woni’n’ qosi’qlari’n woqi’g’anda woqi’wshi’ qaharman menen birge tolg’anadi’, woy ten’izine shu’medi.

Uli’wmalasti’ri’p aytqanda, «shayi’rdi’n’ «Hawazi’n’ telefon arjag’i’ndag’i’», «Jalg’i’zgenem», «Baxi’t uri’si’ dep…», «Muhabbati’mnan», «Jayg’aspas jani’mni’n’», «Da’rwazan’ aldi’nda», «Posalarg’a ko’mgen demler…» «Hayallardi’n’», «Sen tawlardi’ su’yesen’», «Bir bulaqti’ an’sayman», «İzleymen seni», «Senin’» h.t.b. qosi’qlari’n muhabbat lirikasi’ni’n’ jaqsi’ u’lgileri dewge boladi’. Bul qosi’qlardi’ lirikali’q qaharmiandi’ ba’rinen buri’n yar jamali’, woni’n’ muhabbati’ muptala yetedi.»(4) Shayi’rdi’n’ lirikasi’nda haqi’yqi’y ashi’q obrazi’ ju’da’ ko’rkem su’wretlenedi. Shayi’r lirikali’q qaharmanni’n’ ruwhi’y halati’n bayan yetiwde parallelizim, janlandi’ri’w,ko’rkem sali’sti’ri’wlardan, metafora ham tag’i’ basqa su’wretlew usi’llari’ menen ko’rkemlew qurallari’nan wo’nimli paydalang’an. wo’ni’n’ poeziyasi’ usi’ jag’i’ menen bahali’.Juwmaqlap aytqanda, P.Mi’rzabaeva wo’zinin’ teren’ mazmunli’ ha’m ko’rkem quni’ joqari’ lirikali’q do’retpeleri menen g’a’rezsizlik da’wirindegi poeziyami’zdi’n’ rawajlani’wi’na yelewli u’les qosi’p kiyati’rg’an shayi’r si’pati’nda belgili. Sol ushi’n da shayi’rdi’n’ muhabbat temasi’nda jazi’lg’an qosi’qlari’ woqi’wshi’ni’ biypari’q qaldi’rmaydi’.

Bul da’wirde talantli’ shayi’r X.Da’wletnazarovti’n’ qosi’qlari’nda lirikali’q qaharmanni’n’ beriliwi wo’zgeshe ko’zge taslanadi’. Shayi’rdi’n’ lirikali’q qaharmanlari’ni’n’ tu’siniginshe muhabbat bul ko’tere suli’wli’q yemes, wol taza ar-nami’s, hu’jdan birligi, yeki adamni’n’ ruwhi’y jaqi’nlasi’wi’.Shayi’rdi’n’ lirik qaharmanlari’ni’n’ bir i bi’lay deydi.

Bu’gin ju’regin’nen men si’rta qaldi’m,
İrikti… kirgizbedi ko’zlerin’ meni,
Usi’ ko’zler buri’n meni qoymay shaqi’ri’p,
Eh,men wonda jasap yem bir gezleri.
Di’m awi’r qozg’alar qarashi’qlari’n’,
So’zlerin’, ko’zlerin’ yendi yelemes,
Senin’ izlegenin’, senin’ ku’tkenin’,
Men yemes, men yemes,
Bildim men yemes.

Shayi’r qosi’qlari’nda si’rti’ ji’lti’rap, ishi qali’rap,turg’an yemes, al taza muhabbatti’ qa’sterleydi. «Shayi’rdi’n’ lirik qa’harmani’ shablong’a aylani’p ketken su’ydim ku’ydimnen buri’n wo’z su’yiklisinin’ ar-nami’si’ni’n’ taza boli’wi’nhu’jdan tazali’g’i’n aldani’p «bo’rilerge»tap bolmawi’ menen bahali’.[46] X.Da’wletnazarov yen’ da’slep poeziya janri’n rawajlandi’ri’wg’a soni’n’ ishinde lirika janri’ni’n’ ideyali’q salmag’i’ni’n’ joqari’ formalari’ni’n’ ran’be-ra’n’ lirikali’q qa’xarman obrazi’ni’n’ zaman talabi’na say boli’wi’nda ko’p xi’zmet islegen shayi’rlardi’n’ biri boli’p tabi’ladi’.

[46] Есенов Ж. Сөз қәдири, Нөкис,1989, 144-б

## Juwmaq.

Ha'zirgi qaraqalpaq poeziyasi' rawajlani'wdi'n' wo'zinshe joli'na iye. Shayi'rlardi'n' muhabbat lirikasi'nda forma salasi'nda ali'p bari'lg'an izlenisler wo'zlerinin' unamli' ta'sirin bermekte.

G'a'rezsizlik da'wirine kelip qaraqalpaq poeziyasi' a'sirese lirika rawajlani'wi'ni'n' aldi'ng'i' shegine shi'qti'. O'ytkeni lirikani'n' qurami'na kiretug'i'n a'debiy janrlar(qosi'q, nama ha'm taqmaq, terme, g'a'zzel, muhammes, muashshaq, mustazad, fard, sonday-aq verlibr, sonet, woktava, yepifanya, yefitafiya,epigrammalar) ha'r qi'yli' janrlardi'n' ko'leminin' qi'sqali'g'i' i'qshamli'g'i',boli'p ati'rg'an waqi'ya ha'm ha'diyselergetez ha'm woperativ tu'rde juwap beriw mu'mkinshiliginin'ken'ligi ati' atalg'an janrlardi'n'a'debiyat rawajlani'wi'ni'n' aldi'ng'i' boli'wi'na tiykar jaratti'. Bul da'wirde muhabbat lirikasi'n do'retken shayi'rlarideya-tematikali'q,janrli'q formali'q, izlenislerinin' na'tiyjeleri bolg'an shi'g'armalardi' do'retti.

Muhabbat lirikasi'ni'n' rawajlani'wi'nda a'debiy ta'sir ma'selesi de u'lken wori'n iyeleydi. O'ytkeni janrlardi'n' milliy poeziyami'zg'a sin'isiwinde a'debiy baylani'slar wo'z joli'na tusken. A'debiyatta soni'n' ishinde lirikani'n' kishi janrlari'nda da muhabbat temasi'n so'z yetiwshishi'g'armalar payda boldi'.Shayi'rlar pikir ha'm sezimdi aralasti'ri'p berip insan kewlinde jasawshi' muhabbatti'n' qi'rlari'n tu'rli janrlarda lirikali'q qaharman tilinen sheber bere aldi'.

G'a'rezsizlik da'wiri bir qansha shayi'rlari'mi'z do'retiwshiliginde jemisli ko'rkem izlenislergebay da'wir boldi'.Olar wo'z shi'g'armalari'nda do'retilmegen tema , ideyalarrdi' sa'wlelendiriwde, qaharman obrazi'n jarati'wda jan'a da'wir

imkaniyatlari'nan mol paydalani'wda belsendilik ko'rsetti. Bul da'wirde shayi'rlari'mi'zdan İ,Yusupovti'n' «Begligin'di buzba sen» (1995) «O'mir sag'an ashi'qpan» (1999), «Ha'rkimnin' wo'z zamani' bar» (2004,2012) X.Da'wletnazarovti'n' «Dos boli'w ha'mmenin' qoli'nan kelmes» (1994), «Xosh qal jasli'g'i'm» (1993), «Ashi'q bolmag'an kim bar»(1991), «A'lwidag' muhabbat, a'lwidag'» (1993), J.İzbasqanov «Muhabbat lirasi'» (1992), «Men ku'tken ku'n»(1993), «Jollar uzaq» (1995), «Aq quslar»(2014), B.Genjemuratov «Lirika» (1992), «Oq qadalg'an ay» (1997), «Ukkizdare bitiklari» (2006), «Saylandi' shi'g'armalar toplami'»(2012), P.Mi'rzabaevani'n' «A'miwda'rya» jurnali' betlerinde jaryalang'an bir qatar qosi'qlari' muhabbat temasi'na arnalg'an.

G'a'rezsizlik tek g'ana yelimizdin' rawajlani'wi'na, jan'alani'wi'na wo'zgeshe bag'dar ali'wi'na sebep boli'p qalmastan, a'debiyati'mi'zdi'n', ma'deniyati'mi'zdi'n' rawajlani'wi'na jan'alani'p wo'siwine, buri'ng'i' tar qa'lipten shi'g'i'p, ken' tu'rde yerkin do'reliwine, u'yreniliwine tu'rtki boldi'. Sog'an baylani'sli' ilim bilimlendiriw tarawi' wo'z bag'i'ti'n wo'zgertip, bir qansha jan'alani'wlardi' basi'nan keshirdi.

O'zbekstan Respublikasi' g'a'rezsizlik alg'ang'a shekem ko'rkem so'z ustalari'mi'z, soni'n' ishinde lirik shayi'rlari'mi'z belgili bir sheklengen temalar a'tirapi'nda qa'lem terbetip kelgenligi si'r yemes. Olar siyasiy qa'liplerdin' shen'berinen shi'g'i'p kete almadi'. Juwmaqlap aytqanda shayi'rlar g'arezsizlikke yeriskennen son' do'retiwshilik sheberligi menen usi' ja'miyettin' bir ag'zasi' si'pati'nda wo'zlerinin' aktivligin ko'rsetip kelmekte. A'debiyatta, ma'deniyatta bir qatar jan'alani'wlar ju'z berdi. Bir qatar jan'a

do'retpeler zaman talabi'nan kelip shi'g'i'p jazi'ldi'. Avtorlar kitapqumarlardi'n' yestetikali'q talg'ami'n bayi'ti'wg'a turarli'q do'retpelerdi jari'qqa shi'g'armaqta. A'sirese, keyingi ji'llarda lirikani'n' bul kishi boyi'nsha formali'q, stillik, janrli'q izlenislerdin' ku'sheyiwi di'qqatqa i'layi'q.

G'a'rezsizlik tuwi' yelimizdin' barli'q salalari'nda, soni'n' menen qatar, ko'rkem a'debiyati'mi'zg'a ken' imkaniyat jarati'p berdi. Jedel pa't penen rawajlani'p barati'rg'an du'nya tsivilizaciyasi' da'wirinde qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' wa'killeri de zamang'a i'layi'q at sali'si'p ati'rg'anli'g'i'ni'n' gu'wasi' boldi'q. G'a'rezsizlik sharapati' menen jetilisip ati'rg'an jan'ali'qlar, jetiskenlikler menen bir qatarda ja'miyettin' rawajlani'wi'na keri ta'sirin tiygizip ati'rg'an qubi'li's-ha'diyseler, insani'yli'q tuyg'i'lardi'n' soqli'g'i'si'wlari', zamanni'n' aktual bolg'an problemalari' shayi'rlar do'retiwshiliginde ideya-tematikali'q bag'dari'nda basli' da'rek retinde su'wretlenip ati'rg'anli'g'i'n ko'riwimiz mu'mkin. Juwmaqlap aytqanda, g'a'rezsizlik da'wirindegi qaraqalpaq poeziyasi'nda muhabbat lirikasi' basi'm wori'ndi' iyeleydi. Bul temada jazi'lg'an İ.Yusupovti'n' do'retpeleri wo'z quni'na, wo'z bahasi'na, i'qlasbentine iye boldi'. Oni'n' stillik izlenisi lirikali'q qaharmandi' tu'rli planlarda su'wretlewge imkan jaratti'. Qaharmani' geyde ashi'g'i'n su'yip ta'riyplese, geyde mun'li', wo'mirden yari'n joytqan halatta beriledi. Bunda shayi'rdi'n' ko'rkem so'z sheberi si'pati'ndag'i' stillik jetiskenligi bul temada da wo'zinin' na'tiyjesin ko'rsete alg'an.

Milley poeziyami'zg'a g'a'rezsizlik da'wirinde kirip kelgen B.Genjumuratov, P.Mi'rzabaevalardi'n' muhabbat lirikasi'

poeziyani'n' ra'n'ba'ran'ligine a'lwan tu'rli so'z kesteleri ko'rkem obrazlar menen bayti'wg'a belgili u'les qosti'.

Juwmaqlap aytqanda g'a'rezsizlik da'wirde qaraqalpaq poeziyasi'nda muhabbat lirikasi'ni'n' ideya-tematikali'q bag'dari' ken'eydi. Janrli'q tu'rlerde yen' qunli' do'retpeler jazi'ldi'. Muhabbat lirikasi'n jazg'an shayi'rlar bu'gingi da'yairdin' lirikali'q qahramanlari'ni'n' keshirmelerin wo'z poeziyasi'nda ra'n'ba'ra'n' ko'rinislerde bere aldi'. Shayi'rlardi'n' muhabbat temasi'n so'z yetiwshi lirikasi' a'debiyatshi' ali'mlar ta'repinen de ilimiy-teoriyali'q talqi'g'a tarti'ldi'. Na'tiyjede a'debiyattani'w ilimine de ilimiy miynetlerdin' sani' arti'p bari'wi'na sebep boldi'.

## Paydalanilg'an a'debiyatlar:

***Internet htth: //www amalgama-lab.com/songs/c/celine dion/my heart will go won htm /#ixzz2yfhL 14Mc5***

Adabiy turlar va janrlar. Uch jilidlik 2-jild, Toshkent, «Fan», 1992, 192-b

Axmetov S, Esenov J, Jarimbetov Q A'debiyattani'w atamalari'ni'n' wori'ssha –qaraqalpaqsha tu'sindirme so'zligi. No'kis, Bilim ,1994. 86-b

B.Genjemuratov. Caylandi' shi'g'armalar toplami'.No'kis, «Qaraqalpaqstan», 2012. 75-b

Genjemuratov B «Qaraqalpaqstan jaslari'» 2000, 27-aprel № 17

Genjemuratov B Jasi'l ushqi'nlar (sonetler) Qaraqalpaq a'debiyati' №3 mart

Goncharov B.P Poetika Mayakoviskogo Liricheskiy geroy… M, «Nauka»,1983, s-11

Da'wletnazarov X Ashi'q bolmag'an kim bar Nokis, 1991, «Karaqalpaqstan» 1991, 46-b

Da'wletnazarov X Ashi'q bolmag'an kim bar. No'kis, 1991, 47-b

Esenov J. So'z qa'diri, No'kis,1989, 144-b

Jarimbetov Q XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’ni’n’ janrli’q qa’siyetleri ha’m rawajlani’w tari’yxi’. No’kis , «Bilim» 2004,107-b

Jarimbetov Q XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’ni’n’ janrli’q qa’siyetleri ha’m rawajlani’w tari’yxi’. No’kis , «Bilim» 2004,106-b

Jarimbetov Q Ashi’q Ziywar. No’kis, «Bilim» 1998,11-b

Jarimbetov Q A’debiyattani’wdan sabaqli’q, No’kis 2012,21-b

Ja’rimbetov Q,  Otli’ jurekten wotli’ so’z // «Qaraqalpaq a’debiyati’» 2011, noyabr-dekabr.

Jumanazarova M. Qosi’qlar, // «Amiwda’rya» 1995, №10-12.

İzbasqanov J «Aq quslar» No’kis, 2014, 325-b

İzbasqanov J Muhabbat lirasi’  No’kis «Qaraqalpaqstan» 1992, 108-b.

Karimov İ.A. «Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh». Tashkent, Manaviyat, 2008. 137-bet.

Qurambaev K  Wz swzi, wz wovoziga yega shoira. //Qaraqalpaq a’debiyati’, 2013, yanvar 2№ 1(25)

Ma’mbetov K A’debiyat teoriyasi’ No’kis, 1995, 58-b

Mi’rzabaeva P Ba’ha’r. A’miwda’rya 2012  №2

Mi’rzabaeva P Bu’gin. «A’miwda’rya» 1983 №3

Mi’rzabaeva P Segizinshi Mart. Qaraqalpaq a’debiyati’ mart 2012 № 3(15)

Mi’rzabaeva P Watan qalqanlari’. Qaraqalpaq a’debiyati’ yanvar 2012 № 1(13)

Mi’rzabaeva P. «Baxi’t uri’si’ dep…», // «A’miwda’rya», 2000, №6, 65-bet

Mi’rzabaeva P. Da’wir na’pesi .No’kis, «Qaraqalpaqstan» ,1989

Mi’rzabaeva P. Qosi’q. //A’miwda’rya, 1993, №2

Mi’rzabaeva P. Qosi’q. //A’miwda’rya, 2000, №6

Mi’rzabaeva P. Qosi’q. «A’miwda’rya» 2003№3

Mi’rzabaeva P. Qosi’qlar. Hu’wildeydi kewil sarayi’m. Aspan da’rtin aqtari’p. Qiyanet hanjari’. Qa’demlerin’di. // «A’miwda’rya», 2007 №4

Mi’rzabaeva P. Topi’raqqa aralasqan si’r.(povest)// A’miwda’rya 1992 №2

Mi’rzabaeva P. Ishqi’ da’rtleri. No’kis «Qaraqalpaqstan» 1985

Nari’mbetov J. Sahra gu’li, No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2001.

Nurjanova P Patima Mi’rzabaevani’n’ lirikasi’nda metaforalardi’n’ qollani’li’wi’.// Ha’zirgi filologiya iliminin’ a’hmiyetlt maseleleri.

Nurjanova P. Patima Mi’rzabaevani’n’ lirikasi’nda troplardi’n’ qollani’li’wi’ (ten’ewha’m yepitet mi’sali’nda) //Ha’zirgi filologiya iliminin’ a’hmiyetlt maseleleri. No’kis, 2013

Nurjanova P.Patima Mi’rzabaevani’n’ lirikasi’nda metaforalardi’n’ qollani’li’wi’

Orazi’mbetov K sezimler du’nyasi’ni’n’ yesigin ashi’n’ (alg’i’ so’z)// Genjemuratov B Saylandi’ shi’g’armalar. No’kis. «Qaraqalpaqstan». 2012. 5-6 b

Orazi’mbetov Q Ha’zirgi karaqalpaq lirikasi’nda ko’rkem formalardi’n’ yevolyutciyasi’ ha’m tipologiyasi’. No’kis ,«Bilim» 2004 11-b

Orazi’mbetov Q, Ha’zirgi da’wir qaraqalpaq lirikasi’nda ko’rkemlik izleniwshilik (80-ji’llar), No’kis, «Bilim», 1992, 24-b.

Paxratdinov Yu, Paxratdinov D, G’a’rezsizlik ji’llari’ndag’i’ qaraqalpaq xali’q qosi’qlari’(1990-2000-ji’llar) No’kis «Bilim» 2014-ji’l 66- bet

Sultanov İ, Adabiet nazariyasi, Toshkent, «Wqituvchi»,1980, 252-b.

Sultanov İ, Adabiet nazariyasi, Toshkent, «Wqituvchi»,1980, 252-b.

Tilewova Nigora Ashi’q bolmag’an kim bar? «Qaraqalpaqstan jaslari’» 1993-ji’l 23-sentyabr

Turdi’baev Q G’a’rezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq poeziyasi’. No’kis , «Qaraqalpaqstan»,2011,21-b

Xudaybergenov K Da’wir ha’m pari’z. No’kis,1987, 42-b

Xudaybergenov K Lirika ha’m wo’mir, No’kis «Qaraqalpaqstan», 1971, 61-b

Chernets.L.V Literaturni’e janri’, problemi’ tipologii i poetiki, Moskva. İzd-vo MGU 1982, S.21

Yu. Paxratdinov ha’m D.Paxratdinov G’a’rezsizlik ji’llardag’i’ qaraqalpaq xali’q qosi’qlari’. No’kis, «Bilim» 2014,62-b

Yusupov İ Qosi’qlar, «A’miwda’rya», 1999,3san 3-b

Yusupov İ. Pa’ziylet, No’kis, «Bilim», 2014.